punika ingkang karsa,
jeng gusti Semakun,
adamel palu-rante- mas,
wawrat sewu ing aprang sampun undhagi,
sasat Tasangsul Ngalam."

23. Hirman Hurmus tumungkul miarsi,
Prabu Nusirwan adarodosan,
Betaljemur lon wuwuse,
"Ing wong aurip iku,
enggeh luwih kang den tut-wuri,
miluwa wong ngecomang,
lawas-lawas ngepluk,
milu wong prawireng jagad,
lawas-lawas dadi wong prawireng jurit,
Angger nateng Gumiwang.

24. Dadi ratu kasumbageng bumi,
Ingkang amor lan ki Patih Bestak,
kasrakat angengkek-engkek,
kaburu kabur-kabur,

rusak sayah agung bilahi!"
Gumerah guyunira,
kang pra dipatya gung,
Sang nata alon ngandika,
"Hiya bapa ingsun iki kadi pundi,
Bapa oleh sinoma.

3. REMBAG BADHE NGISLAMAKEN PRABU NUSIRWAN

SINOM

1. Hiya apa ngapuraa,
   Wong Agung Surayengbumi,
   saking gunging dosaningwang,
   katon binecikan mami,
   sok males angalani,
   si Bestak ngajak maringsun,"
   Sigra ngaturan budhal,
   saking pakuwon lumaris,
   tan kawarna ing marga prapta jro kitha.

2. Sigra lajeng angadhatyan,
   Kuskehel sawadyaneki,
   ngebyoki wismaning Bestak,
   Bestak lan Baktiyar kalih,
   cinancang aneng kori,
   nak rabi tan kena temu,
   kinubeng ing gegaman,
   enggening lalaran kalih,
   prapta suguh bupati kang tunggu pura.

3. Suguh mateng tigang dina,
   aleksan jodhangan sami,
   suguh mentah patang dina,
   bebek ayam kebo sapi,
   Suka sri narapati,
   Kuskehel sabalanipun,
   aken akarya surat,
   Prabu Kuskehel mring carik,
   Serat badhe katur mring nagri Kuparman.

4. Angaturaken bebandan,
   ing Pirkaras raja Krejis,

Serat kakalih punika,
mring gusti dhewe satunggil,
serat satunggil malih,
katur ing Prabu Semakun,
Miwah Beskul mangkana,
hiya surate kakalih,
sami nuduh bupatine kalih sowang.

5. Manjing kuda kalih leksa,
budhal caraka bupati,
saking Medayin nagara,
babandan tinuntun sami,
mung ratu lawan patih,
kalawan punggawanipun,
pan nitih kuda tundhan,
ratune kudaning mantri,
mundhut tundhan wong Medayin tuduh marga.

6. Lampahe agurawalan,
amanggih dadalan radin,
raratan maring Kuparman,
akenceng saking Medayin,
akeh gedhong botrawi,
kala panggihe Marpinjun,
Reratan sampun kawak,
aglis kinarya lumaris,
tan kawuwus ing marga prapta Kuparman.

7. Anjujug ing gustinira,
sira Sang Prabu Pirngadi,
dene bupati Talsiyah,
anjujug Sri Banu Arli,
katur suratireki,
ing purwa wasananipun,
Sang Prabu ing Talsiyah,
Banu Arli ngandika ris,
"Yayi Prabu daweg marak rama ndika.

8. Sang Aprabu ing Gumiwang,
ngaturken surat puniki!"
Kang rayi: "Suwawi kakang!"
lumampah narendra kalih,
prapta sampun apanggih,
kalawan Prabu Semakun,
sampun tata sinapa,
"Heh ta anak prabu kalih,
paran warta ingkang wonten palurugan?"

9. Narendra kalih turira,
"Punika dutane prapti."
sarta surat tinampanan,
binuka sinuksmeng galih,
langkung suka miarsi,
mesem sang Prabu Semakun,
"Puniki karsaningwang,
katura ing benjing-enjing,
pasamuan supaya sami mirsaa.

10. Sagunging para narendra,
yen wonten para narpati,
kang sami sugih panakar,
narendra mungkasi kardi,
anjembaraken rahi,
si Kuskehel anak prabu,
manawa ta ginanjar,
ratu kakaya ing jurit,
anguwisi nora dadi karyanira.

11. Ana dene kang babandan,
Wong Talsiyah kang nggujengi,
wong Purwakandha ngiringna,
ratune tuntunen mantri,"
Wus dadi kang pinikir,
datan kawarna ing dalu,
enjing mijil sineba,

Wong Agung Surayengbumi,
aglar sagung para nata nata-putra.

12. Supenuh ing panangkilan,
kadya trunaning udadi,
tata pangkating lenggahan,
Prabu Semakun wus linggih,
kerine Jayengmurti,
neng wijohan palowanu,
imbangan lan kang putra,
sri bupati Parangakik,
neng wijohan Jayusman Samsu Murijal.

13. Sumambung nateng Karsinah,
Ruslani Danurus Samsi,
wong agung ing Parangteja,
Adipati Guritwesi,
lawan nateng Ngabesi,
Biraji Kunawar Kuljum,
Kulub miwah Kalkiyah,
lawan sang nateng Kubarsi,
rajeng Selan Kohkarib rajeng Yujana.

14. Kebar, Kangkan, Turki, Santar,
narpati ing Burudangin,
tangeh gunging cinatur,
sadayane kang narpati,
miwah para putra ji,
Mangkana Prabu Semakun,
tedhak saking wijohan,
ngejepi narendra kalih,
ing Talsiyah lawan Prabu Purwakandha.

15. Binekta marang ngajengan,
nembah angaturken tulis,
horeg sagung kang tumingal,
"Lah ta iki ana warti."
wong Parangteja tampi,

lajeng seratira katur,
Marinaya kinen maca,
Kuskehel ingkang akirim,
lawan Beskul katur ing nateng Gumiwang.

16. Awit saking budhalira,
mbubujung saking ing Mretis,
prapta aprang Papirkaras,
lajeng bedhahe Pakrejis,
kacekele Pakrejis,
lajenge duk panalikung,
Bestak lawan Baktiyar,
lajenge prapteng Medayin,
Umar Maya malembung lok katiwasan.

17. Macucu sarwi kakayang,
nolih ing Prabu Serandil,
"Maratungkak cinengkalak,
ipe sinampe tetali,
dosane adol sekti,
anjuwal bret imbuh gadur,
si Kuskehel aladak,
prajurite si Pirngadi,
bocah becik ing reh tan ana tinaha!"

18. Gumer kang sami miarsa,
Wong Agung Surayengbumi,
mundhut akarsa uninga,
babandan sang rajeng Krejis,
ratu kakalih ngambil,
sampun sinaosken ngayun,
sakeh eram kang mulat,
sipate sang rajeng Krejis,
nora dhapur manusa adhapur kewan.

19. Kinen sadat datan arsa,
kinen ngunjara rumiyin,
lan wadyane pitungdasa,

kasrah ing Prabu Marmadi,
Wong Agung ngandika ris,
"Padha gawea sul-angsul,
yayi Semakun sira,
si kulup Mutadarawi,
lan Talsiyah tetelu tetunggalana.

20. Kalawan ingsun angganjar,
wijohan mas palowani,
kang asuku salawe-prah,
si Kuskehel kang nduweni,
kang suku rolas iki,
kang duwe si raja Beskul,
lawan makutha retna,
nira mitungpuluh sisih,
karo padha yen mungguhing makutha.

21. Amung iki ingkang beda,
wijohan mas palowani."
ratu katiga tur sembah,
Prabu Semakun maringi,
turangga sapar janggi,
sarwa mas busananipun,
Kondur nata katrinya,
Wong Agung Surayengbumi,
jengkar denya siniwi kondur/ngedhatyan.

22. Wong Agung ing Parangteja,
Adipati Guritwesi,
Prabu Semakun katiga,
ingandikan manjing puri,
sagunging kang anangkil,
bubaran kang kari amung,
marendra kang sakawan,
Lamdahur lan Umar Madi,
Banu Arli Pirngadi anganti samya.

23. Prabu Semakun lebetnya,

para putra bubar sami,
kondur pura sowang-sowang,
wau kang aneng jro puri,
nimbali garwa prapti,
Retna Sudara ingutus,
"Yayi lah iki layang,
kang prapta saking Medayin,
lah wacanen neng ngarsane ibunira!"

24. Tur sembah lajeng lumampah,
ratwebu ing Parangakik,
prapta ngarsane bu nira,
prameswari ing Medayin,
sinapa awotsari,
sawusnya tata alungguh,
"Ibu punika serat,
kang prapta saking Medayin,
kang tinuduh ing yayi Prabu Gumiwang..

25. Anut wingking ing lampahnya,
raka paduka Sang Aji,
Prabu kakalih ambekta,
inggih prajurit nyakethi,
sekawan kang bupati,
dutane yayi Semakun,
balane limang leksa,
manjing bala patang kethi,
kang angungsir lampahe Prabu Nusirwan.

26. Kang serat sampun winaca,
miwiti malah mekasi,
tamat surasaning serat,
Duk miarsa prameswari,
sekel suka ing galih,
sekele musakatipun,
sukane kang ngrasaa,
ing karsane tanpa dadi,

angandika juru jinem mrik kang putra.

27. "Dhenok iki kaya paran?
yen besuk ramanireki,
animbali marang ingwang?"
umatur Sudarawreti,
"Inggih dereng pinikir,
punika yayi Semakun,
lan ari Parangteja,
kang Dipati Guritwesi,
inggih sami ngandikan manjing jro pura.

28. Pun kakang Bagendha Abas,
inggih wau den timbali,"
gantya ta ingkang winarna
Wong Agung Surayengbumi,
katiga kang kinapti,
Bagendha Bas badhenipun,
yen wis dadya kang rembag,
anulya winot ing tulis,
kang winawrat sang nara nata Gumiwang.

29. Aturipun liliyangan,
Prabu Semakun lingnya ris,
"Kakangmas ing Prangteja,
antepe pikir puniki,
yen rama animbali,
inggih mundhut kangjeng ibu,
mangke sedhenging mangsa,
apened yen den kukuhi,
kula ingkang malang dadi tatanggoran.

30. Karana ta sampun tuwa,
ngungkurken pikir kamuktin,
kawibawan aneng donya,
awajib sanguning pati,
Yen rama ji Medayin,
adreng nimbali jeng ibu,

MILIK KEPUSTAKAAN
DIREKTORAT TRADISI
DITJENNBSP DEPBUDPAR

kula nuwun ubaya,
nunggila agama sukci,
ngestokena sarengat Ibrahim duta.

31. Lamun boten makatena,
dadya sih temahan lalis,
jeng kakang yen angowela,
kang rama risak ing galih,
pae duk anem nguni,
ing mangke sampun asepuh,
lali yen den umbara,
yen boten dipun pegati,
yen ameksa anasar lumuh Islama.

32. Inggih tan kena den eman,
kakangmas punika pasthi,
pan wonten ujaring kitab,
sing abongga den pateni,
telas tan wonten malih,
pikir kawula puniku."
Wong Agung Parangteja,
angrangkul ing wentis kalih,
"Sampun angger mungkasi pikir punika."

33. Nyablek wentise kang kiwa,
Adipati Guritwesi,
"Yayi Prabu pupungkasan,
pikirmu tan ana malih."
Wong Agung Jayengmurti,
pangandikanira arum,
"Yayimas Parangteja,
paran ta budinireki?"
nembah matur, "Pan inggih namung punika."

34. Menak Abas nambung sabda,
"Pangraos kawula inggih,
leres yayi Parangteja,
tan wonten pinikir malih,

patitis arespati,
karsane Prabu Semakun,
Mangke rama paduka,
Medayin mantuk bebayi,
lare alit yen kedah malbeng jejurang.

35. Sayekti wajib sinendhal,
sampun ngangge lirah-lirih,
manawi kaselak tiba,
sarirane risak pundi?
Inggih ingkang upami,
inggih prakawis puniku,
lamun ajrih anyendhal,
risake kang lare alit,
dipun sendhal lawan tiba ing jejurang.

36. Pan sampun pikir nugraha,
rayi paduka sang aji,
Gumiwang lempeng pesaja,"
Sang Kakungingrat lingnya ria,
"Andika karya tulis,
Munia yayi Semakun,
marang rajeng Kumawas,
Kuskehel ingsun wuwuhi,
kuwasane sarta Palkat ing Kuparman.

37. Yayi Prabu dhawuhana,
putranira Kaelani,
ipene sira pundhuta,
hiya ta salah sawiji,
karyanen ambeneri,
Hiya si Maliyat Kustur,
kalawan sutanira,
kaki Prabu parangakik,
si Kalbujer pundhuten hiya mbantuwa.

38. Aja kurang taklimira,
anganteb basa kang pasthi,

maring Kangjeng Panembahan,
den tetep ing senapati,
ya si Kuskehel maksih,
kuwasane ratu iku,
amrih aja naracak,
laku ana kang nggedhugi,
Yen amunga Kuskehel bae naracak.

39. Lah uwis padha mijila,
lawan kakangira nuli,
layang den dadi ing kana,"
Prabu Semakun wotsari,
Menak Abas tut wuri,
wedale Prabu Semakun,
Prapteng jawi utusan,
ngaturi kang putra kalih,
angandika sri bupati ing Gumiwang.

40. "Heh kakang Prabu ing Selan,
lan kakang Prabu Kohkarib,
paduka dereng bubaran?"
Nauri narendra kalih,
"Angger inggih ngentosi,
wedal andika ayun wruh,
manawi putra ndika,
Talsiyah, Mutadarawi,
binantokken dhateng Medayin nagara."

41. Prabu Semakun ngandika,
"Utami pun kakang kalih,
lajenga wisma kawula!"
Inggih sareng budhal neki,
Menak Abas tan kari,
sapraptaning lurung agung,
adhangah pinayungan,
para ratu sampun ngiring,
ana ngucap wong mulat akeh kapapag.

42. "Dubillah rajeng Gumiwang,
dene kaya wora-wari,
pratandha yen antuk manah,
Semune wong agung iki,
pantes nyenapateni,
semune teka apatut,
dhokoh sabar ing karya,
Iki thukul wong Medayin,
ana dadi dandanan ing asmareng prang.

4. PRABU KUSKEHEL ANGSAL PANGALEMBANA

ASMARADANA

1. Gawokingsun wong Medayin,
sri nara nata Nusirwan,
denira ngukir putrane,
lanang lan wadon bineda,
lamun gawe wanodya,
pangrasaningsun pan dudu,
gagaweaning manungsa.

2. Kaya ginawe ing langit,
ingukir jroning suwarga,
Retna Marpinjun pantese,
tuwin ing nguni kang swargi,
gusti Retna Muninggar,
sapa narka kang andulu,
ginawe padha manungsa.

3. Kang dadi lanang puniki,
hiya dene jamak-jamak,
lawan para ratu kabeh,
iku patute dadia,
putrane Kewusnendar,
ladake Prabu Semakun,
kaya weton ing Yujana."

4. Tan wus kang samya ngraosi,
Prabu Semakun wus prapta,
lan tamu aneng daleme.
wus tata kang palenggahan,
Prabu Gumiwang mojar,
"Anak Prabu kalihipun,
ing Talsiyah Purwakandha,

5. Kang dhawuh timbalan mangkin,

nDika sami tinarima,
lan wakil andika karo,
kang angusir eyang dika,
sami ratu prawira,
bisa nampurnakken laku,
mangke boten ingandikan.

6. Lajeng sinung karya malih,
inggih mangkya winuwuhan,
Kuskehel ing kuwasane,
antuk Palkat ing Kuparman,
pacak ratu prawira,
mangkya pinaringan bantu,
gegedhug ratu gegala.

7. Ing kulub miwah Kubarsi,
angapen-apeni samya,
mring lakune si Kuskehel,"
Wau kalane miarsa,
Lamdahur Umar Madya,
mesem sarwi manthuk-manthuk,
"Inggih sukur-sukur tallah.

8. Angger boten neniwasi,
wakile putra paduka,
langkung pracaya tegese,
angger lamun makatena."
Prabu Semakun mojar,
"Kakang Prabu sakalangkung,
anjembaraken wadana."

9. Ngandika Prabu Serandil,
mring kang putra Purwakandha,
"Pirngadi lamun mangkono,
bibekmu tarimakena,
akunen bapa pisan,
si Kuskehel aja tanggung!"
Gumujeng rajeng Gumiwang.

10. "Kakang Prabu ing Serandil,
dhedhemenku cilik mula,
guneme teka malenos,
kaya gembili binakar,
ing geni balubukan,
kinuweg teka maletug,
pinangan kaya godhogan."

11. Sami gumer kang miarsi,
Prabu Marmadi lingira,
"Hiya ingsun milu bae,
Dawa-Gung ing pikirira,
Banu Arli rinira,
tarimakna mring si Beskul,
anake pamanmu Harjan."

12. Tan adangu kapiarsi,
jawi swarane gumerah,
praptane kang putra karo,
timbalane rama dika,
Prabu Semakun tedhak,
kang putra kalih wus tundhuk,
anembah marang kang paman.

13. Sawusnya tata alinggih,
Prabu Semakun ngandika,
"Angger putraningsun karo,
ing Parangakik lan Kelan,
pinundhut ingkang lampah,
pun Kalbujer rajeng Kulub,
dene anak-mas ing Kelan.

14. Ipene pinundhut inggih,
karyane badhe dinuta,
dhateng Medayin lakune,
anjenengi kang wus lama,
bantu ing kabatinan,
si Kuskehel lampahipun,"

kalih ature, "sumangga!"

15. Ratu Kalih den timbali,
Kulub, Kubarsi kang prapta,
dhinawuhan ing lampahe,
kalih ature sandika,
budhal ing benjang-enjang,
lawan saprajuritipun,
dhateng Medayin nagara.

16. Ing reh sampun den jarwani,
sapala kartining lampah,
Prabu Semakun nulya ge,
pupundhutan prapta aglar,
lajeng denya bojana,
"Pun uwa punapa dangu?"
lingira Prabu Jayusman.

17. Menak Abas anauri,
"Angger sareng rama dika,
inggih saking ing kadhaton,
adamel serat punika,
kang badhe dipun bekta,
dhateng pun Maliyat Kustur,
lawan Kalbujer lampahnya."

18. Dhadharan gong angerangin,
saruni lawan biola,
anginum rame senggake,
barduwin anggur lan adas,
larih mider timbalan,
ngandika Prabu Semakun,
"Heh Anak Kubarsi sira.

19. Lan ari ing Kulub sami,
sira prajurite padha,
kang ana ing mengko bae,
nora anganti kerigan,"

Prabu Kubarsi nembah,
"Angger ing watawisipun,
tigang yuta boten kirang."

20. Prabu ing Kulub tur neki,
"Kawula amung sayuta,"
Prabu Semakun delinge,
"Manawane kekurangan,
dangdanan ingkang risak,
bandera tunggul lelayu,
ing ngriki andika bekta."

21. Umatur sang Prabu kalih,
"Kadi taksih sami wetah,"
Prabu Semakun anoleh,
prapta kalih kethi dinar,
nyakethi pinaringan,
miwah peparing pakintun,
dhateng Kuskehel samekta.

22. Pungkasan sagung kang pikir,
bubar denira bujana,
surup baskara sarenge,
sami mundur sowang-sowang,
enggale tan winarna,
serat pinaringken sampun,
enjing bidhale gumerah.

23. Prabu Lamdahur ngintuni,
busana kuda dipangga,
marang sang Prabu Kuskehel,
Sira sang Prabu Marmadya,
kathah pakintunira,
marang sang mahraja Beskul.
tuwin kang putra kalihnya.

24. Talsiyah Mutadarawi,
kathah-kathah kintunira,

marang ratu panekare.
Rikat lampahing gegaman,
antuk margi raratan,
tan winarna laminipun,
ing marga prapteng jajahan.

25. Meh prapta kitha Medayin,
Horeg sami salah tampa,
wong cilik manahe keron,
lamun gegaman kang prapta,
sida anedya ala,
paran nggonira lumayu,
jro kitha Kuskehel ana.

26. Tanbuh tingkahe wong cilik,
sami amupus kewala,
mangsa kolua batine,
yen bala saking Kuparman,
adate pan welasan,
Sang Prabu Maliyat Kustur,
dadamele ingkang prapta.

27. Kuskehel pamethuk neki,
ingirid mring Kapatihan,
pinarnahken pakuwone,
Daleme raja Hubinah,
rajeng Kulub pinarnah,
daleme raja Bintulu,
celak lan ing Kepatihan.

28. Tintrim nagari Medayin,
kathah karungu kang warta,
Maliyat Kustur praptane,
lawan Kalbujer narendra,
ratu bantheng Kuparman,
yen prakara gadhug-gadhug,
narpati kalih kepanggya.

29. Lawan Kuskehel sang aji,
dhinawuhaken kang surat,
tinampan sampun winaos,
sawusnya amaos serat,
Kuskehel nekem sirah,
sujud ing siti anuhun,
yen serat nggarba pangwasa.

30. Prabu Semakun kang kirim,
unine sarta kalawan,
ingkang raka parentahe,
Wong Agung Surayeng jagad,
muwuhi pangawasa,
lawan palenggahanipun,
linuhurken prenahira.

31. Wijohan mas palowani,
kang asuku salawe prah,
langkung saking pangungune,
saking tibaning nugraha,
kang sinuhun Kuparman,
kalangkung pasihanipun,
langit rebaha sinangga.

32. Tan andipe lamun kongsi,
katetesana ing rahsa,
Wong Agung Jayengpalugon,
Prabu Semakun kewala,
myang gusti Purwakandha,
wus banget gegedhugipun,
dhasar watak kaduk sura.

33. Mantep wani anglakoni,
tan pilih nggon ambeg pejah,
lelabuhane Kuskehel,
Mangkana ing aturira,
Kuskehel anor raga,
mring Prabu Maliyat Kustur,

lawan Kalbujer turira.

34. "Inggih yayi Prabu kalih,
kasraha badan kawula,
dipun upama gegandhen,
pun kakang darıni lumampah,
yayi kalih marakna,
ajura den kadi bubuk,
sarambut mangsa noleha."

35. Maliyat Kustur lingnya ris,
"Kakang Prabu yen sembada,
mangke dalu mamalancong,
anamar badan sapata,
papat ratu kewala,
seba mring Seh Betaljemur,
punika kang ginuronan.

36. Wong Agung Surayengbumi,
den pracaya kadi yayah,
sami nuwun pratikele,
ecane lampah punika."
Kuskehel duk miarsi,
"Suwawi ing mangke dalu,
sami lampah dhedhemitan."

37. Ing dalu sami lumaris,
narendra sekawan pisan,
prapteng Pijajar dhukuhe,
neng jawi bata tatanya,
"Sinten ingkang saosa,
ki dalern lulurahipun,
inggih ing dalu punika?"

38. Ki Dulmajid anauri,
"Mangke manira itunge,
pan inggih kanca manira,
enggeh ingkang nama lurah,

nenggih kawandasa wolu,
anyatus ingkang reh-rehan."

39. Sarwi amilang jariji,
kongsi bali kaping tiga,
kaledhon winilang maneh,
sarwi nguwuh kancanira,
"Dulmayek marenea,
abingung pangetuningsun,
lurahe kang kemit sapa?"

40. Dulmayek prapta ling neki,
"Dulmakam lawan Duljamal,
Dulsadat lawan Dulsaleh,
Dul Islam lawan Dul Iman,
Dulpatah lawan Dulsarak,
Dulsahut lawan Dulsuhud,
Dulkasim Dulkarim samya.

41. Dulkadis lawan Dulkadim,
sampun jangkep kalihwelas,
mbekta nyalawe kancane,"
Dulmajid alon lingira,
"Kang loro aturana,
ki sanak arsa malebu,
matura ing Panembahan."

42. Kesah tan adangu prapti,
mbekta kekalih lulurah,
sampun atata lungguhe,
Dulmajid alon lingira,
"Inggih adhi Dulsadad,
ki sanak arsa malebu,
matura bala Kuparman."

43. Dulsadat lumebet aglis,
njujug nggene Panembahan,
nuju wonten ing panepen,

Dulsadat marak tur sembah,
"Ulun atur uninga,
ing jawi wonten tetamu,
sekawan marak ing tuwan."

44. Panembahan ngandika ris,
"Aturana anembaha,
iku padha ratu gedhe,
andel prajurit Kuparman,"
Dulsadat kagawokan,
nora nyana lamun ratu,
sapraptanira ing jaba.

45. nDheprok sarwi awotsari,
Dulmajid alon tatanya,
"Pagene sira andheprok?"
Dulsadat alon turira,
"Welinge ing kawula,
punika pan sami ratu,
raja agung kapat pisan."

46. Dulmajid tumurun aris,
"Suwawi tuwan ngaturan,"
sekawan kerid lampahe,
sapraptanira jro lawang,
Betaljemur amapag,
neng palataran acundhuk,
sakawan gambuh sadaya.

5. BETALJEMUR SUKA PAMRAYOGI

GAMBUH

1. Mesem Seh Betaljemur,
sigra binekta sami alungguh,
angabekti sakawan para narpati,
"Paran karsa praptanipun,
sadaya kang para katong?"

2. Sakawan nembah matur,
"Saking pakewed lampah pukulun,
putra tuwan Wong Agung Surayengbumi,
pan makoten karsanipun,
dhateng kang rama Sang Katong.

3. Kang rayi aturipun,
inggih jeng angger Prabu Semakun,
lah punika serate katura inggih,
supaya tuwan tetulung,
paring tedah kang linakon."

4. Serat tinampan sampun,
sigra winaos mring Betaljemur,
sampun putus surasane ponang tulis,
angandika Betaljemur,
"Punika gampang kemawon!

5. Apan Prabu Semakun,
dadya ling-aling ing karsanipun,
ingkang raka Wong Agung Surayengbumi,
kang rama pinrih rahayu,
dadalan sakratil maot."

6. Kuskehel aturipun,
"Mila pun patih kawula pikut,
sampun lami kawula den bebisiki,

ing gusti Prabu Semakun,
mrih engete rama katong.

7. Yen boten winayungyung,
pun Patih Bestak angajak dangu,
anunungkul samangsa omber sakedhik,
tan sande akarya ewuh,
randhat karsane Sang Katong.

8. Yen lami yekti wurung,
inggih karsane Prabu Semakun,
lan kang raka Wong Agung Surayengbumi,
yen dereng sagah sang Prabu,
salin agama sayektos.

9. Pun Patih boten ucul,"
Alon ngandika Seh Betaljemur,
manthuk-manthuk, "Punika ingkang patitis,
karsane Prabu Semakun,
ratu anom kaduk sagoh.

10. Pun bapa anak Prabu,
seba dhingin inggih besuk-esuk,
nuli anak praptaa keprabon jurit,
inggih den antepa purun,
sampun ngangge walang atos.

11. Apan nedya tetulung,
marang kang rama Prabu Semakun,
narik saking sasar ginawa mring resik,
pan ing mangke wong Medayun,
sanget ajur sanget amoh.

12. Sukur ing besuk-esuk,
teka lestaria karsanipun,
sinten malih tinaria ing sang aji,
Bestak maksih winayungyung,
sayekti nurut kemawon.

13. Jemora na kang muruk,
namung ki Patih kang ngajak bingung,
sa-ujare ki Patih kang den lakoni,
salah sasara tinurut,
marma paleyat-paleyot.

14. Rusak jentul pan agung,
milane hiya kalantur-lantur,
mangke Bestak maksih andika taleni,
Sapa sinten darbe atur,
Nusirwan pan sampun mopol!"

15. Pungkas ingkang rinembug,
sami tur sembah sakawan ratu,
tan kawarna ing dalu wuwusen enjing,
Wau ki Seh Betaljemur,
sampun lumebeng kadhaton.

16. Panggih lawan Sang Prabu,
Nusirwan agring kawit angukruk,
kang angadhep amung putrane kekalih,
Raden Hirman lawan Hurmus,
kalihe manggung sok njoto.

17. Praptane Betaljemur,
ing raja putra denira muwus,
"Kadipundi raden andika puniki?
teka meneng tanpa rembug,
nagara dika pan bojod.

18. Dika dereng katemu,
miwah ta inggih dereng sesuguh,
praptanipun gegaman kari puniki,
Pun Raja Maliyat Kustur,
lan Kalbujer ratu abot.

19. Kathah prajuritipun,
pan telung yuta Maliyat Kustur,
pun Kalbujer pan sayuta patang kethi,

tuwin Kuskehel puniku,
andina balane wuwoh.

20. Inggih kang sami nusul,
langkung ambebret bala Medayun,
Dika sami meneng boteh duwe pikir,
apa nungkul apa magut,
pinilih salah sawiyos.

21. Boten andika rembug,
Bestak Baktiyar kang winayungyung,
saben esuk puniku dipun gebugi,
teka bocah misih kuncung,
uthuk-uthuk milu njotos.

22. Tangeh ndika puniki,
nedya amikir marang kang ibu,
ing praptane rama andika puniki,
kedhatone misih suwung,
teka pijer ting jaroto.

23. Apan sakehing laku,
lumuh pinikir saderengipun,
bok tibane inggih nemu boten becik,
risak wong cilik puniku,
ratune dosa katempoh.

24. Kabeh bala Medayun,
kekes pan ajrih tenaganipun,
Wong Kubarsi wong Kulub sami nggitiki,
lamun kapapag wong langkung,
mumu ajur den karoyok."

25. Wau ta duk angrungu,
ing wuwusira ki Betaljemur,
Hurmus, Hirman tumungkul sarwi anangis,
Prabu Nusirwan wus cubluk,
agung mumet ingkang panon.

26. Aneseg Betaljemur,
"Mung dika kalih ingkang katempuh,
apa nungkul punapa umagut jurit?"
Prabu Nusirwan sumambung,
"Yen maguta sapa enjoh.

27. Lan mundhak alanipun,
pasthi yen sirna datanpa kukup,
lawan sapa kang ingadu magut jurit,
lamun nungkul mumpung durung,
aja ngungkurken pakewoh."

6. PRABU NUSIRWAN SAKAWULANIPUN NGRASUK AGAMI IBRAHIM

PANGKUR

1. Lagya eca pagineman,
pan kasaru geger saking ing jawi,
wong manjing pura gumrubyug,
saure tinakonan,
Wowor sambu pangrasanira angrungu,
Kuskehel anggecak pura,
ana pangrungune malih.

2. Patih Bestak lan Baktiyar,
pan ginawe lesan wus den pateni,
gugup ngandika Sang Prabu,
"Lah bapa temonana!
lamun arep atetemu lawan ingsun,
iriden malebu padha,
ingsun iki maksih sakit."

3. Betaljemur sigra medal,
prapteng jawi prabu sakawan panggih,
balane neng ngalun-alun,
mbekta gelar sepapan,
para ratu papat den irid malebu,
sapraptanira jro pura,
ngarsane Sri Narapati.

4. Regeng-regeng Sri Nusirwan,
samya nembah kapat para narpati,
binage ing Betaljemur,
kang putra kalih samya,
anambrama ing krama sami tumungkul,
Prabu Kuskehel turira,
"Heh Sang Prabu Nyakrawati,

5. Kula punika atampa,
parentahe ing putra paduka ji,
Sri maha prabu Semakun,
angantep padukendra;
paran karsa kang pasthi dipun satuhu,
nungkul punapa magut prang?
Yen nungkul milua salin.

6. Agama Ibrahim duta,
yen tan arsa Kuskehel aja mulih,
yen nora sarta sireku,
baronjong ing jeng rama.
dene kakang emas Hirman lawan Hurmus,
sun kirimi sira raja,
tandhingen kakangmas kalih.

7. Si Maliyat Kustur lawan,
kakang Hirman, si Kalbujer atandhing,
lan hiya si kakang Hurmus
poma den ujar pisan,
yen tan nungkul kadangira loro iku,
gawanen sirahe padha,
maring Kuparman nagari.

8. Lah sampun telas punika,
saha mawi parentah amekasi,
jeng gusti amung puniku,
Yen sampun kalampahan,
ing panute badhe jeng Prabu Semakun,
kang ibu ingiring marang,
kondura nagri Medayin.

9. Lah punika pepungkasan,
boten keni lembatan tari malih,
pun Patih kula wiyungyung,
kang ngrisak ing nagara,
ngrisak sanak ngrisak badan ngrisak kubur,
ngrisak dunya ngrisak tedhak,

rayape nagri Medayin."

10. Prabu Nusirwan ngandika,
"Hiya ingsun Kuskehel aja watir,
aran garwaningsun uwus,
marang agama Arab,
ingsun maning sayektine kudu milu,
Hiya mring si Kakungingrat,
apa dene awak mami.

11. Salaminingsun anedya,
lagi durung mangsane amarengi,
mangsa ta amriha dudu,
Hiya wong duwe bapa,
sayektine pinrih ing rahayunipun,
nggone duwe wong atuwa,
hiya si Surayengbumi."

12. Kuskehel aken anggawa,
marang bandan kalih manjing ing puri,
tan adangu praptanipun,
anyingkruk neng ngayunan,
sigra raja Kuskehel sigra anguwuh,
"Heh ki Patih paran karsa,
hiya lan anakireki?

13. Apa mati apa gesang,
yen nedyaa mati nuli sun banting,
Mumpung neng ngarsa Sang Prabu,
sira pan ngrusak jagad,
Hiya endi pakolihe panggawemu?
Dene iki mundhak rusak,
aleh badan anglarani.

14. Mung mundhak dadi paguywan,
ing wong urip barang karyanireki,
sajeg jumleg mung kaburu;
undhake tingkahira,

durung nemu sapisan prayoga luhur,
amung kelangan kewala,
aweh wirang ing sang aji.

15. Yen mengko sahananingwang,
nora kena sira weh wirang isin,
aweh rusak ing Sang Prabu,
karana gustiningwang,
duwe wajib jeng gusti Prabu Semakun,
ingsun ingkang ora lila,
wong tuwane gusti mami!

16. Sira gawe ala-ala,
ratu patang atus kang ora keni,
balane Prabu Semakun,
lan ratu wolungdasa,
pipilihan ingkang padha ratu agung,
wong Gumiwang wong Kisarsah,
nora lila duwe gusti.

17. Yen sirarsa rep uripa,
angucapa sira kalimah kalih,
anuta ing nabiningsun,
Ibrahim Kalilolah,"
sarwi gathik wajane Kuskehel rengu,
meh ngadeg arsa nyandhaka,
rinapu rajeng Kubarsi.

18. "Heh sampun dika tumandang,
kula badhe yen andika angajani,
angepruk de kongsi ajur,
endhase Patih Bestak,
lan anake dipun kongsi dadi bubuk,
Lah Patih sira ngucapa,
yen randhat saurireki.

19. Pasthi yen saiki sira,
mati siya-siya nuli sun banting!"

Patih saurira gugup,
"Inggih Ibrahim duta,
apan ratu manira iku wus anut,
ingong maning yen karia,
milu agama Ibrahim.

20. Agama Adam wus sirna,
Musa Ngisa Kabeh tan ana kari,
Sok wontena kang ananggung,
dhewek darmi kewala,
durakane wong lecek agaminipun,"
Kalbujer sigra andhupak,
"Misih durjana si anjing!"

21. Sirahira muncrat-muncrat
adus getih lawan anakireki,
peputhon ingatag sampun,
marani Raden Hirman,
akekejer neng ngarsane irungipun,
"Lah Raden dika angucap,
tekad jeng duta Ibrahim.

22. Yen dika randhat angucap,
boten wurung puputhon mbilaeni!"
Gugup pangucape gupuh,
puthon kejer kewala,
gebyar-gebyar mencorong kadi andaru,
ing ngarsane Raden Hirman,
wus sadad Rahaden kalih.

23. Puthon manjing jro saruwal,
Sang Aprabu Nusirwan wau salin,
ing agama Brahim anut,
Patih Bestak siniram,
toya ngejun anglilir amungur-mungur,
"Aja angucap durjana,
sira lamun arep urip!"

24. Kalbujer pamuwusira,
Patih Bestak tobat tan malih-malih,
yen ngucapa kadi wau,
bandane inguculan,
sigra nembah marang sang Prabu ing Kulub,
Kuskehel sami sinembah,
miwah sang rajeng Kubarsi.

25. Wus tata Kuskehel turnya,
"Tuwan undhang sawadya ing Medayin,
apan nuntena pukulun,
siniwi panangkilan,
kula seba mantuk kadi duk rumuhun,
Pan tuwan pepundhen amba,
wong tuwane gusti mami.

26. Den eca sami bojana,
Kiya Patih sampun ngowah-owahi,
bojana saben anginum,
lawan kang bala-bala,"
Betaljemur kalangkung ing sukanipun,
Ngalem kang ngemban parentah,
prayogane angundhili.

27. Sanegara ingundhangan,
wus warata sarengat jeng Ibrahim,
lanang wadon alit agung,
sepuh nem sami suka,
ngrasa lamun ilang mutawatiripun,
apa ingkang dadya maras,
wus nunggal agama manis.

7. PRAMESWARI MEDAYIN KONDUR

DHANDHANGGULA

1. Sampun tentrem nagari Medayin,
Sri Nusirwan anggung siniwaka,
anut ature Kuskehel,
lawan Maliyat Kustur,
rajeng Kulub Kalbujer sami,
Beskul sami turira,
Patih Bestak sampun,
tan owah ngereh negara,
siyang dalu tan ana guneme malih,
wong Medayin mung sadad.

2. Malah pinasang ing sabak sami,
kayu kemiri atetumpesan,
ana sabak kayu suren,
bupati sabak watu,
yen wong cilik kayu kemiri,
malah dadi dagangan,
pikulan aselur,
lurung-lurung kebak sabak,
miwah pasar tan ana liyan wong saking,
sabak pating karopyak.

3. Miwah pinrada miwah sinungging,
sabak kongsi rega pitu tengah,
nem suku lugas regane,
bupati sabak watu,
marang Cina denya nguyangi,
regane ngarobelah,
isine pan amung,
kalimah Ibrahim Duta,
harja malih ing mangke nagri Medayin,
tambane udan sabak.

4. Raja Beskul ingutus pribadi,
mring Kuskehel marang ing Kuparman,
atur uninga ing mangke,
nagari ing medayun,
tulus denya salin agami,
Tuwin Prabu Nusirwan,
agamane kukuh,
kasengsem wong sanegara,
ngiras pantes raja Beskul lampah neki,
dinuteng ing narendra.

5. Karsanira Prabu Nyakrawati,
Prameswarinira tinimbalan,
yen sarta lawan putrane,
legane ing tyasipun,
pang Wong agung Surayengbumi,
dhangan ing karsanira,
ngantukken kang ibu,
yen nora lega pan ora,
melas asih Nusirwan seratireki,
raja Beskul kang nggawa.

6. Baya sampun jangjining Hyang Widdhi,
Sri Nusirwan teka gumalethak,
lakune raja Kuskehel,
lawan Maliyat Kustur,
lan Kalbujer bekjane sami,
Betaljemur asuka,
sarta ngungun-ngungun,
kena dening bebocahan,
pan Wong Agung pribadi sok ngirih-irih,
ing karsane kang rama.

7. Prabu Semakun kang angencengi,
gothak-gathuk apepalu gethak,
gumlethak teka gumlethek,
pan nora sarang-surung,

nora rungkud prapta ing wingkid,
padhang angenthang-enthang,
tan kongsi ngelanthung,
lampahe kang ratu papat,
ya ta wau raja Beskul kang lumaris,
ing marga tan winarna.

8. Sampun prapta Kuparman nagari,
serat katur mring Sang Kakungingrat,
sakathahe pratelane,
langkung suka angungun,
Sukur ing Hyang jengira Amir,
miarsa jroning surat,
lawan malihipun,
seratira ingkang rama,
duk winaca tembunge kang punang tulis,
Wong Agung rawat waspa.

9. Ingundhangan wadya sanagara,
"Kabeh padha hiya piyarsakna,
yen nagri Medayin mangke,
salin agama anut,
ing sarengat duta jeng Nabi,
Ibrahim Kalilolah,"
Bendhe pirang atus,
ngubengi nagri Kuparman,
para ratu gung alit samya anangkil,
gunem ing panangkilan.

10. Sudarawreti ngandikan prapti,
inguncalan "Iki yayi layang,
wacanen aneng ngarsane,
hiya ibunireku,"
atur sembah wus den tampani,
binekta sampun prapta,
ngarsane kang ibu,
winaca kabeh miarsa,

langkung ngungun alega rasaning galih,
prameswari udrasa.

11. Matur raja putri Parangakik,
"Sampun mangsa emute Sang Nata,
tulus dadi pepundhene,
sagunging ratu-ratu,
Kula ibu, tumut angiring,
yen estu ingaturna,
ing putra pukulun,"
sukane wadya sadaya,
ingkang kareh Wong Agung Surayengbumi,
sayekti mendem suka.

12. Wus warata wong sadalem puri,
serat sampun binekta mangetan,
kang tinimbalan praptane,
sira Prabu Semakun,
Adipati ing Guritwesi,
Wong agung Parangteja,
sami sinungan wruh,
amaos serat kang prapta,
raja Beskul kang wonten ing Pancaniti,
ngiring Prabu Talsiyah.

13. Pan tinanggap ing para narpati,
kang ananggap ing pitakenira,
mindho-mindho patakone
ana kongsi ping telu,
ing jro pura guneme dadi,
badhene kang lumampah,
sang Prabu Semakun,
Sarta kabeh para putra,
Umar Maya ingkang badhe anuwani,
lawan narpati dhomas.

14. Badhe ngater Nyai Prameswari,
lawan para garwa pan sadaya,

mung kantun satunggal bae,
pra putra para buyut,
sami tumut badhe angiring,
Ki Umar Maya medal,
lan Prabu Semakun,
lan wong agung Parangteja,
kinen maca neng ngarsane para aji,
suka kabeh miarsa.

15. Dhinawuhan kang badhe lumaris,
ngater marang Medayin nagara,
prameswari ing kundure,
sandika para ratu,
ratu ngarsa ingkang sapalih,
sapalih ratu wuntat,
anganti Sang Prabu,
Semakun angganjar bala,
busanane balanya winarni-warni,
para ratu sinama.

16. Sinami busananing hesthi,
para ratu Gumiwang Kosarsah,
ingkang ratu gedhe-gedhe,
sinung piranti payung,
palanane amolu sisih;
sawusnya asamekta,
Sang Prabu Semakun,
para ratu asadhia,
ing Kuparman horeg manusa gung alit,
kang tan tumut lumampah.

17. Datan wande tumut nganter sami,
tuwin busekan sajroning pura,
para garwa ingkang ndherek,
marang nagri Medayun,
amung Dewi Marpinjun kari,
tumut ngater kewala,

MILIK KEPUSTAKAAN
DIREKTORAT TRADISI
DITJENNILAI DEPBUDPAR

marga badhenipun,
Anuju sawiji dina,
Budhalipun prameswari ing Medayin,
saking nagri Kuparman.

18. Kadi prakempa kang bumi gonjing,
pan meh ginggang sang sri Antaboga,
Wong Agung sareng budhale,
ngaterken mring kang ibu,
para nata sadaya kerig,
kang badhe lajeng dhomas,
praptaa Medayun,
liyan saking para putra,
para wayah kerig tumut mring Medayin,
Wong Agung wangsulira.

19. Prapta lelampahan tigang ari,
Wau kang lajeng rikat ing lampah,
margi resik reratane,
kadya ketug gumuntur,
ingkang mbebarepi ing baris,
Sang Prabu ing Talsiyah,
saha balanipun,
wuri rajeng Purwakandha,
ing wurine Sang Aprabu Burudangin,
sawadya para nata.

20. Nuli balane Umar Mayeki,
Prabu Semakun ing wurinira,
ngarsa jempana enggone,
wuri jempananipun,
para putra lan wayah sami,
miwah buyut neng wuntat,
tuwin para ratu,
Sang Kuskehel tur uninga,
lan Kalbujer marang Prabu Nyakrawati,
yen prameswari prapta,

21. Kyana Patih Bestak wus akardi,
pasanggrahan badhe pamethukan,
lakon sadina pan dohe,
kerig bala Medayun,
tedhak Prabu Hanyakrawati,
ratu katri tut wuntat,
miwah Betaljemur,
wus prapta ing pasanggrahan,
latar pamethukan tur wiyar tur radin,
kang prapta ngroning kamal.

ratune anitih hesthi,
songsong patbelas sisih,
Prabu tanya: "Sapa iku?"
kang matur: "Nggih punika,
pun mahraja Banu Arli."
lajeng tedhak marak Sang Prabu Nusirwan.

5. Ngalem Sang Nata tetanya,
"Iki kang ibu saking ndi?
Apa putune Kistaham?"
matur sang nateng Kubarsi,
"Kang saking Mukabumi,
dening Kistaham kang putu,
namane Umar Jaman."
Ngandika nateng Medayin,
"Pasemone apantes dadi narendra.

6. Ulese adoh lan bapa,
mung ngengrenge ambapani."
nulya na malih katingal,
para ratu akeh prapti,
sawadya tengran asri,
bandera lelayu tunggul,
sadaya pan mangkana,
"Iki hiya ratu ngendi?"
alon matur "Para ratu Purwakandha.

7. Putrane Prabu ing Selan,
kang darbe bala puniki,
kang madeg ing Purwakandha,
anama raja Pirngadi."
Wau kang asru angling,
sanes ing grahitanipun,
Hurmus wis kaku ing tyas
pamuwuse mbedhah kelir,
nora tahan neng ngarsane ingkang rama.

8. "Heh Bestak tetela laknat,

ing salawasira urip,
endi ta panggawenira,
hiya ingkang nemu becik,
miwah anemu bathi,
nemu salamet pan durung,
mung anggung nepu papa,
mung wong Arab iku pikir,
kangelane nemu bathi nemu suka.

9. Cacak iku anak bala,
prandene nemu nagari,
saking putrane wus kathah,
kang padha dadi narpati,
sutane kang para ji,
akeh ingkang dadi ratu,
mangkana kang prayoga,
Sira iki pikir Iblis,
akangelan mundhak kalong wuwuh rusak."

10. Tumungkul Ki Patih Bestak,
dhinupak kongseb neng siti,
irunge metu ludira,
api-api tan udani,
Sang Prabu Nyakrawati,
mengo tan arsa andulu,
kang putra nepsunira,
kang sandhing api tan uning,
sami maklum kang rama miwah kang raka.

11. Sedheng nepsune kajarwan,
salamine langkung taklim,
mulat para ratu Ngarab,
panggawene akeh dadi,
anemu sarwi bathi,
suta bala bala ratu,
samya antuk nagara,
Hurmus wadana dady-api,
Ya ta na kang kaeksi upacara bra.

12. Ratune nitih dipangga,
asongsong patbelas sisih,
pra dipatine angayap,
ngandika Prabu Medayin,
"Ya iki si Pirngadi,
padha pantes dadi ratu,"
tedhak saking dipongga,
marak ing ngarsa narpati,
katon malih ing wuri kang para raja.

13. Gegaman abra mbaranang,
kadya kang parwata geni,
ratune munggeng dipangga,
songsong kalihwelas sisih,
tanya rajeng Medayin,
"Sapa ratu prapta iku?"
Rajeng Kubarsi nembah,
"Sang Raja Bilabundari,
Srikat turun prajane ratu prakosa.

14. Balanipun putra tuwan,
Gumiwang sri narapati,
isen-isening wijohan,"
lajeng sawadyanireki,
Ana kadulu malih,
balane kadya wun-awun,
asri kang upacara,
sinongsongan rolas sisih,
munggeng gajah sembada ratu birawa.

15. Prabu Nusirwan tatanya,
"Sapa ratu prapta iki?"
Rajeng Kubarsi turira,
"Nenggih raja Burhandini,
Binanggar prajaneki,
sami balaning Semakun,"
Lajeng wuri katingal,

gagaman dinulu asri,
barisira kadi prawata puspita.

16. Sami munggeng ing dipangga,
sami ngalih welas sisih,
songsonge ratu pangarsa,
Prabu tanya; "Sapa iki?"
"Inggih rajeng Kuwini,
nama raja Kala Dukum,
sami andel Gumiwang,
Punika katingal malih,
ing Bumiya nama raja Bulubalang."

17. Wonten malih katingalan,
kang tinanya turireki,
"Nenggih raja Budal Danas,
ing Budaldas prajaneki,
Wonten malih kaeksi,
Mardara nagarinipun,
sang raja Basrudiman,
prakora prawireng jurit,
sami Prabu Semakun kang darbe bala."

18. Punika malih katingal,
kuthane ing Simbar Sari,
nama raja Budal Deya,
akathah lamun winarni,
para ratu prajurit,
balane Prabu Semakun,
kathah Prabu Semakun,
kathah ratu isinya,
ing Wijohan Palowani,
sami eram wong Medayin denya mulat.

19. Para ratu ing Gumiwang,
akathah sami prajurit,
mangkana upacaranya,
kadya yangyang wukir resmi,

pangayap pra dipati,
sinongsongan patangpuluh,
anitih si hamama,
rinenggeng rukmi tulyasri,
lir andaru busanane kang dipangga.

20. Sarwi utusan tur priksa,
risang Prabu Burudangin,
Adipati Tasikwaja,
yen lampahe andhingini,
nggene kinen ngenggeni,
ngarsa jempananing ibu,
Dipati Tasikwaja,
lan narpati Burudangin,
wus mangkana laju lampahe katingal.

21. Celak enggene kang rama,
wus tedhak sri narapati,
kumrutug pangampilira,
pangayape pra dipati,
gupuh marak sang aji,
sira Sang Prabu Semakun,
nembah anguwas pada,
kang rama kurmat ngingseri,
anambrama mring kang raka kalih pisan.

22. Lajeng munggeng ing ngiringan,
ing rama denira linggih,
wonten bala ingkang prapta,
macan sami den titihi,
saleksa kang prajurit,
sakethi ingkang barancuh,
ratune macan pethak,
raja Wiswel anitihi,
Prabu tanya, "Lah iku balane sapa?"

23. Prabu Semakun turira,
"Pun kakang ing Burudangin,

punika kang darbe bala."
Wonten katingalan malih,
kathah ratu kang prapti,
aneh saprajuritipun,
sadaya aturira,
"sami bala Burudangin,
Sugih bala Sang Prabu Tasangsul Ngalam.

24. Pangkat-pangkatipun kathah,
para ratu Burudangin."
Prabu Nusirwan ngandika,
"Iki nateng Burudangin,
dudu saking si Patih,
Bestak saserayanipun,
ing Dhayak Sindhangdhayang,
padha mungsuhan pribadi,
lan Wong Agung Kalana Surayengjagat."

25. Prapta tedhak saking liman,
Narpati ing Burudangin,
lajeng marak ing Nusirwan,
Sang Nata gupuh ngurmati,
amethuk sawatawis,
medal saking jawi tarub,
tedhak angaras pada,
sinaosan denya linggih,
papalangkan neng kananira Sang Nata.

26. Prameswari winasitan,
yen celak nggene Sang Aji,
nulya mundhut tandhu enggal,
munggeng tandhu prameswari,
sagung para garwa Mir,
ambelani munggeng tandhu,
lan garwa para putra,
lestari denya lumaris
Umar Maya sagarwane para putra.

27. Ki Umar Maya lumajar,
anander ing sri bupati,
nembah ingaras kang sirah,
Adipati Guritwesi,
nolih sarya sru angling,
"Heh Kuskehel apa uwus,
Ki Bapa maratuwa,
sira apura ing mangkin,
liwat kaget ingsun kena dosanira.

28. Putune padha karuna,
Umar Danį, Umar Sandi,
arsa nusul ingsun ampah,
tresnane wong duwe kaki,
Sun penging anangisi,
jer kakekmu nora jujur,
dadi sira amisah,
Wong Agung Surayengbumi,
lan amungsuh Prabu Semakun Gumiwang.

29. Yen sira nora tarima,
kakekmu seregen ngadil,"
Gumer sagung kang miarsa,
pangucape Marmayeki,
"Si Kuskehel saiki,
nora kena sira mungsuh,
lagi nglakoni karya,
Prabu Semakun kang nuding,
sinung wenang amilara wong adosa.

30. Jer senapati manggala,
Si Baktari lara nangis,
bapakane cinengkalak,
mangkene pitutur mami,
'Kongkonana sireki,
amariksa bapakanmu,
yen irunge lan mata,

lan rupane durung salin,
kuping bathuk misih rarahine lawas.

31. Pan ana benere uga,
si Kuskehel analeni,
aja sira sudi karya,
wong mangkono yen abecik,
sajekti nemu becik,
yen ala ala tinemu,
rereged ing sajagad,
iku ngumpul dadi siji,
bapakanmu badan kewan ati setan!"

32. Sangsaya gumer kang myarsa,
Tumungkul Rekyana Patih,
sakathahing wong sadaya,
Patih Bestak den tingali,
Kuskehel turireki,
"Angger dosanipun agung,
Dosane satus kisas,
Mulane kula tatrapi,
yen sampuna inggih mratuwa daleman,

33. Pasthi lajeng kula mamah,
balunge amor salilit!"
Sangsaya rame agiyak,
gujenge para narpati,
Wonten ingkang kaeksi,
upacara para ratu,
tuntunan kuda kathah,
miwah ngalenthung kang hesthi,
sami lajeng narpatine nora ana.

34. Prabu Nusirwan tatanya,
"Upacara apa iki?
aneh ingkang katingalan,
ratu geng kang duwe iki."

Prabu Semakun aglis,
tur sembah sarwi umatur,
"Punika upacara,
ratu ageng-ageng sami,
inggih estu saking pameca paduka.

35. Sagung wayah-wayah tuwan,
anak Prabu Parangakik,
Jayusman Samsu Murijal,
lawan wayah tuwan malih,
Prabu Karsinah nenggih,
Ruslani Danurus Samsu,
lawan wayah paduka,
anak Prabu Rustamaji,
Tuwin wayah paduka Pangeran Kelan.

36. Kalawan wayah paduka,
ing Ngambar Kustup pun Hasyim,
Katamsi lawan kang raka,
Rahaden Hasyim Kuwari,
lawan rajeng Betarti,
canggah paduka pukulun,
kaliyan buyut tuwan,
narpati Kaos nagari,
punika kang sami darbe upacara."

37. Tedhake saking jempana,
ingkang eyang prameswari,
anitih tandhu kewala,
para wayah anjageni,
langkung sami abekti,
para wayah milwa ibu,
karasan neng Kuparman,
mula para wayah sami,
madeg ratu agung sami sugih bala.

38. Wonten Medayin sedhihan,
mulat ing para putreki,

tanpa karya tanpa guna,
anggung gawe kontrang-kantring,
wuwuh ngenes asedih,
mulat tingkah tan rahayu,"
Tumungkul rawat waspa,
Sri Bathara Nyakrawati,
kang karaos suyude kang wayah-wayah.

39. Ya ta wau katingalan,
para mantri kang njajari,
sewu tetopong kancana,
upacara prameswari,
kendel para garwa Mir,
munggeng tandhu aneng pungkur,
prameswari tumedhak,
para wayah anjagani,
pan sadaya pratingkah bekti dadana.

9. PATIH BESTAK MURTAT

ASMARADANA

1. Tengen Prabu Parangakik,
Jayusman Samsu Murijal,
sarwi cinepeng janggane,
kiwa Prabu ing Karsinah,
pundhak ingkang cinandhak,
Ruslani Danurus Samsu,
sami ndhingkluk lampahira.

2. Wuri Prabu Rustamaji,
lawan Pangeran ing Kelan,
Sarwi ngampil rasukane,
rinacut kantun satunggal,
kang ingampil kang wayah,
kinalungaken ing gulu,
dening kang wayah ing Kelan.

3. Rahaden Hasyim Kuwari,
kang ngampil tetekenira,
Hasim Katamsi kaskule,
Sang Prabu Aris Munandar,
kepet alit punika,
duk aneng lebeting tandhu,
kekepete kang den asta.

4. Ingampil rajeng Betarti,
Atas Aji pakecohan,
pangeran ing Kusniyane,
Malebari ing Kusniya,
ngampil pagorah waja,
kang ngampil makenanipun,
raja Sayid Ibnu Ngumar,

5. Tedhak Prabu Nyakrawati,
amethuk marang kang garwa,

jawi taratag tundhuke,
ngabekti sarwi karuna,
binekteng padmasana,
lenggah lawan Sang Aprabu,
kang wayah ganti anembah.

6. Angandika prameswari,
"Jayusman sira dhingina,
gumanti ri nira kabeh,
kaki Prabu ing Karsinah,
Rustamaji anulya,
arinira Kelan iku,
Hasyim Kuwari wurinya,

7. Nulya Dyan Hasyim Katamsi,
nuli Sayid Ibnu Nugmar,
Kusniya Malebarine,
Atas Aji wurinira,
nulya Aris Munandar,"
putra kawekasanipun,
lajeng Raden kalih nembah.

8. Mring kang ibu prameswari,
Raden Hurmus miwah Hirman,
para putra Rab pan kinon,
angebekti mring kang paman,
wusnya tata alenggah,
mangka eram kang andulu,
kang cahya para putra Rab.

9. Prameswari ngandika ris,
"Kaki Prabu ing Gumiwang,
Hiya mbok-ayumu kabeh,
lawan putra-putranira,
tandhune banjurena,
garwane putra-putramu,
padha dhingina sadaya.

10. Ing mengko bae ngabekti,
yen prapta sajroning puri."
tumut ngandika Sang Katong,
"Hiya nuli banjurena
Bestak lah gusahana,
sarupane wong Medayun,
kang baris pinggiring marga!

11. Den adoh kalawan margi,
undhangna padha mungkura!"
Prabu Semakun nulya ge,
amangsit marang wong Arab,
banjur lajeng sadaya,
ing wuri budhal sang Prabu,
sarimbit aneng palangka.

12. Ingkang para wayah sami,
ingandikan neng palangka
amot satus palangkane,
gotong nem atus ajembar,
gumrudug kehing wadya,
ing marga datan kawuwus,
prapta salebeting pura.

13. Atembak nggebel atindhih,
wong neningali ing marga,
tan wuwusen ing tingkahe,
akeh kang sami angucap.
"Lawase mangkenea,
Medayin nora tarutuh,
Mangsa ta geger gegera!"

14. Sapraptanireng jro puri,
pra garwa Amir sadaya,
ngabekti ing rama katong,
sagung ingkang para nata,
kuwune wus pinarnah,
sagung para raja putu,

saben enjing malbeng pura.

15. Lawan nateng Burudangin,
agung sami ingandikan,
Prabu Semakun sarenge,
lan ratu kang tuwa-tuwa,
ingkang sami ngandikan,
Ki Patih Bestak abikut,
denira mbagi sugata.

16. Saben enjing Kiya Patih,
andhekor neng pagelaran,
gumrecek ing parentahe,
untune sirna wus lama,
siji wus nora nana,
rambute memplak angapuk,
tyase kang maksih rumujak.

17. Durung legi maksih pait,
agetir gatel pinangan,
Ki Patih liwat munapek,
mung ajrih ing lairira,
mangkana cinarita,
sagung para raja putu,
sami pinaring pusaka.

18. Pusakane warni-warni,
marang ingkang para wayah,
miwah buyut lan canggahe,
buyut Pangran Sayidiman,
Malebari Kusniya,
Jayusman ingkang susunu,
lan Atas Aji punika.

19. Putranira Rustamaji,
lawan Sayid Ibnu Ngumar,
Umar Yunani putrane,
narpati Kaos nagara,

punika surutnya,
kang sami kaweca buyut,
Sang Prabu Arismunandar.

20. Sri Naranata Betarti,
punika kapeca canggah,
undha-usuk pusakane,
Jayusman Samsu Murijal,
lawan Prabu karsinah,
Ruslani Danurus Samsu,
punika wayah kang tuwa.

21. Pusaka kaot pribadi,
makutha badhong kalpika,
datanpa itung ajine,
Rustamaji kang sor-soran,
lan Sang Pangeran Kelan,
kang sor-sorane puniku,
Hasim Kuwari kalawan.

22. Rahaden Hasim Katamsi,
buyut katri kapat canggah,
kang sinami pusakane,
miwah para mantunira,
kang dereng winarisan,
ing Burudangin sang ayu,
Isnaningsih pinaringan.

23. Kapara kaot pribadi,
dene kantun lan tinaha,
kadange narpati gedhe,
Sang Prabu Tasangsul Ngalam,
sinembah ratu dhomas,
lawan prawireng pupuh,
kasub tanpa tandhing ing prang.

24. Mangkana cinatur malih,
karta datan wonten perang,

sami angulah kamukten,
ing Medayin ing Kuparman,
Datan ana kara-kara,
tulus harja lan rahayu,
samya nunut awibawa.

25. Apan agung wira-wiri,
Medayin lan ing Kuparman,
atebih linabukahe,
tan ana sangsayeng marga
lumakua merema,
tutug tan ana kesandhung,
dene kondure punika.

26. Pangatere prameswari,
patang wulan para garwa,
miwah para putra kabeh,
kundure marang Kuparman,
nanging yen datan prapta,
hiya ping kalih satahun,
para wayah tinimbalan.

27. Saben tampi bulubekti,
kemba yen tan peparinga,
mring kang para wayah kabeh,
ara buyut miwah canggah,
Amung ki Umar Maya,
kang nalika solahipun,
batine ki Patih Bestak.

28. Kang ahlul carita nguni,
Duk Dipati Tasikwaja,
bilahine mratuwane,
prapta Medayin nagara,
kang satengah angucap,
praptaning kang kaping telu,
ana praptane kaping pat.

29. Ingkang para wayah sami,
tan kari Sang Adipatya,
Guritwesi saben dherek.
Mangkana ki patih Bestak,
lan anake Bahtiyar,
ing batin kalethekipun,
wong loro pan arsa murtad.

30. Ngopahi wadya kekalih,
samya anyakethi dinar,
ingutus Bestak surate,
maring nagri Kala Kodrat,
kuthane raja Salsal.
Sang Raja Salsal punika
Atmajane raja Daldal.

31. Ratu kaloka ing bumi,
prajane sampun keringan,
balane sami mbadhog wong,
alamun tamian mengsah,
meh telas binadhogan,
yen rina sami anubruk,
anyeking kulit tinigas.

32. Yen dalu sami memaling
lajeng angegoh jerowan,
kabeh iku pratikele,
mulane atine giras.
Mangkana tingkahira,
mring Kala Kodrat wewadul,
surate Ki Patih Bestak.

33. Nagrine arsa ginitik,
tinumpes ing Kala Kodrat.
prajurit Kuparman dene,
angur tuwan ndhinginana,
inggih anonjok layang,
mrih kadho panglurugipun,

para prawira Kuparman.

34. Mangkana karsaning Widdhi,
pratikele Patih Bestak,
kacethikan ana weroh,
matur marang Sang Dipatya,
Guritwesi prayitna,
sinandi pratingkahipun,
duk semana Sri Nusirwan.

35. Karem dhahar bubur warih,
miwah ingkang bubur surba,
wantu Sang Nata omponge,
kang ajur bubur kalawan,
pedhes asin karasa,
dadya ngupaya Sang Prabu,
wong kang bisa olah-olah.

36. Umar Maya malih warni,
angaku wong saking Ngajam,
tau tukang lah-olahe,
guna ing olah-olahan,
suwita Patih Bestak,
mangsa ta wurunga katur,
marang Sang Prabu Nusirwan.

37. Cinoba marang Apatih,
kinon wau lah-olaha,
Tambi Trebebes namane,
sampun pinaring dandanan,
marang Ki Patih Bestak,
sawusira mateng sinung,
gegurih saking kekasang.

38. Kadi bubur warni putih,
gurihe kaliwat-liwat,
yen iku cinarubake,
wus mateng katur Ki Patya,

dhinahar langkung eca,
durung dhahar laminipun,
jenang amucung kalintang

10. JENANG PATIH BESTAK

PUCUNG

1. Ciptanipun pantes katura Sang Prabu,
mbok sapisan engkas,
nanging semune wong iki,
memper-memper seje rupa tunggal solah,

2. Duk ambubur pinirsa pondhokanipun,
Umar Maya ana,
ing pondhokira alinggih,
maring pawon Ki Tambi Trebebes ana .

3. Patih sampun anggugu yen dedenipun,
dudu Umar Maya,
padha memper tingkah neki,
dyan binekta katur ing Prabu Nusirwan.

4. Duk dinangu saking Ajam asalipun,
Trebebes kang nama,
sigra kinen bubur warih,
cinaruban gugurih saking kekasang.

6. Sampun katur dhinahar mring Sang Aprabu,
para sami kaecan,
estu lamun angluwihi,
animbali Betaljemur prapteng pura.

6. Sami sinung dhahar jenang mring Sang Prabu,
langkung kagawokan,
gurihe kang bubur warih,
wus ginanjar Tambi Trebebes lelurah.

7. Lawan dhusun watara isi wong sewu,
lurah olah-olah,
dandanan wus den paringi,
ing sapala kartine wong olah-olah.

8. Kanggep langkung Trebebes marang Sang Prabu,
langkung kaparcaya,
Mangkana dina sawiji.
olah bengi kang badhe saosan enjang.

9. Sigra metu mring kepatihan jinujug,
Bestak lagya nendra,
sinorog ing darubesi,
sirep kabeh kang kemit mring Kiya Patya.

10. Pinarnahken binuntelan kemulipun,
pan sampun binekta,
ki Patih maring jro puri,
pinarnahken pojokira pambethakan.

11. Ya ta nemu layang katut dening kemul,
pantes mentas maca,
kalalen karipan maksih,
angsul-angsul saking raja Kala Kodrat.

12. Wus jinupuk den erut kalawan rambut,
winungkusken hiya,
lan rambute Kiya Patih,
hiya ndadak kinancing ubengan elak.

13. Dhapuripun Trebebes tinunggon jagul,
lilima kang nendra,
kakalih kang dereng guling,
kinen sami anggeneni jedhinira.

14. Api murub dahana wedange sampun,
umob mawalikan,
Tambi Trebebes marani,
marang nggene anyelehken Patih Bestak,

15. Dyan sinambut tinigas mustakanipun,
peso pamalingan,
pedhot janggane Ki Patih,
Patih Bestak badanipun den pepurak.

16. Sirahipun aneng pangeret ginantung,
wau badanira,
sadaya kang den keleti,
ana jagul ngalilir siji uninga.

17. Solahipun Trebebes memuruk wau,
eram dharodhogan,
amung kang sipat jariji,
kang tinugel badhe winoraken jenang.

18. Dagingipun kalawan jerowanipun,
samya pinendhetan,
iku kang winor ing daging,
linebetken marang ing jedhi kewala.

19. Sedyanipun mila dariji kinatut,
kaya balungira,
miwah be balunging pitik,
wusnya mopol daginge ki Patih Bestak.

20. Nulya gandum cinemplungken jedhi sampun,
bebalunge Bestak,
sigra winoraken geni,
gumarebeg jenang sawit patih Bestak.

21. Sampunipun ririh wau umobipun,
geni ingurudan,
mung geni balung kang maksih,
linebonan gegurih saking kekasang.

22. Sampun luluh mateng sedheng kenthelipun,
winadhahan keda,
Keda geng dadi kekalih,
kang sina osaken dhahar kalih keda.

23. Ingkang kantun linebonan awu balung,
bebalunge Bestak,
akenthel wengur asangit,
langkung-langkung anyir sumrebet anggadag.

24. Sampunipun keda lit wewadhahipun,
dadya tigang dasa,
kang maksih wonten jedhi,
watawise dadya selawe prah keda.

25. Enjingipun sinaosken dalem agung,
ndhedheg ing ngajengan,
sawungune Sri Bupati,
kagyat mambu agurih ambuning jenang.

26. Sang Aprabu marani lajeng andulu,
keda ingungkaban,
sinuru saweg ping kalih,
angandika sira Sang Prabu Nusirwan.

27. "Kabeh iku apa padha tunggalipun?"
Trebebes tur sembah,
"Inggih gusti kaot kedhik.
kang kulangge dhahar amung kalih keda.

28. Ingkang kantun seket keda lit pan langkung,
kaot mung sa-usap,
menggah raosipun gusti!"
"Hiya tallah iki kok wenehi apa?

29. Gurihipun anyire manjing bebalung!"
Trebebes tur sembah,
"Saweg kaleresan gusti,
bumbunipun boten kaot sapintena."

30. Sang Aprabu animbali Betaljemur,
lawan Patih Bestak,
Betaljemur prapteng puri,
Hurmus, Hirman sarenge manjing jro pura.

31. Tan ketemu Patih Bestak wismanipun,
katur ing sang nata,
"Patih Bestak tan kepanggih,
wau dalu kinenten manjing jro pura."

32. Dipun luru Bestak meksa tan ketemu,
Sang Nata ngandika,
"Ngengehana keda siji!
kabeh iku paringna ratu kang seba!

33. Konen andum sabupati mantrinipun,
kang nangkil sadaya."
Trebebes sigra umijil.
wusnya maringaken jenang sigra kesah.

34. Prapteng kuwu sigra malih warnanipun,
nalika punika,
kancane Umar Mayeki,
ratu ing Tasmiten raja Johan Firman.

35. Raja Kuljum Kunawar lawan Jongkuwung,
Sang Tasangsul Ngalam,
narpati ing Burudangin,
sabalane lan Dipati Tasikwaja.

36. Warnanipun Marmaya Tarbebes santun,
malih Umar Maya,
Dipati ing Guritwesi,
angundhangi prayitna baris pendheman.

37. Ya ta wau Sang Nusirwan sakalangkung,
denya dhahar jenang,
Betaljemur den paringi.
Nanging datan sinuru ngadhep kewala!

38. Hirman, Hurmus, abikut kadi Sang Prabu,
Betaljemur turnya,
"MBok sampun: tuwan unduri!
sampun-sampun karem ing jenang punika."

39. Tan andulu ing ature Betaljemur,
pijer sarikutan,
kang sakeda sampun gusis,
akekepres jenang lathine Sang Nata.

40. Betaljemur misih alon aturipun,
"Tuwan sampunana,
inggih jenang sangga-runggi,
pun Trebebes punika boten katingal."

41. Sang Aprabu misih anyuru andhingkul,
imbuh kang sakeda,
meh telas anuli manggih,
ali-ali meh kasuru neng jro jenang.

42. Sesotyeku kumaraning iwak enun,
kang aduwe Bestak,
tan pisah aneng jejenthik,
Dyan pinundhut mring sang Prabu tiningalan.

43. Supenipun Patih Bestak datan pandung,
"Pagene neng Jenang,
alih-aline si Patih,
Si Trebebes ana ngendi golekana!"

44. Wadya matun "Sampun tan katingal dangu,"
Sang Nata ngandika,
"Bature undangen siji
kang ngladeni jagul aneng pambethekan."

45. Tan adangu prapta kang sawiji jagul,
dinangu lurahnya,
"Si Trebebes ana ngendi?"
Matur "Dangu kesah saking pambethekan."

46. "Sira jagul, angladeni mau dalu,
apa kang ginarap,
si Trebebes ko-ladeni?"
Jagul matur "Memurak inggih manungsa.

47. Sirahipun punika maksih ginantung,
daginge den jenang,"
Sang Prabu kaget lingnya ris,
"Lah gawane marene endhase sapa?"

48. Jagul wangsul ngambil sirah kang ginantung,
ingiling-ilingan,
endhase wong kaki-kaki,
manjing dalem sirah cinangking ing wuntat.

11. PRABU NUSIRWAN GERAH

PANGKUR

1. Sapraptanira ngajengan,
tiningalan estu sirahing patih,
Sang Nata kagyat anjumbul,
eneg-eneg tan mutah,
"Si Trebebes ubresen dipun katemu,
nuli cekelen den enggal,
lawan aweha udani!

2. Maring bala ing Kuparman,
padha konen tetulung angulati,
marang si Trebebes iku,
yen oleh ingsun ganjar!"
langkung eneg uleg-elegken sang prabu,
Huwek mutah baluweran,
jenange sadaya mijil.

3. Hurmus Hirman sami mutah,
njungkel-jungkel isining weteng mijil.
mutah tinja ambegadhur,
rebah ing sanalika,
dipun sundhang marang sira Betaljemur,
Wau kang manjingjro pura,
Adipati Guritwesi.

4. Kumesar denya tetanya,
"Panangkilan heh paran ana pe-ki?"
kang dinangu aturipun,
"Angger, Trebebes minggat,
lurah koki njenang tiyang wau dalu,
cinaosken rama tuwan,
jenang Patih langkung gurih."

5. Anjumbul Ki Umar Maya,
"Apa temen warta mangkene iki?

MILIK PERPUSTAKAAN DIREKTORAT TRADISI DITJEN NILAI BUDAYA DEPBUDPAR

Adhuh bapa mara sepuh,
pagene sapa njenang?
mejanani kaliwat ing mantunipun!"
Umatur kang tinakonan,
"Ing mangke kados prayogi.

6. "Angger manjinga kedhatyan."
sigra manjing lan raja Burudangin,
Tasangsul Ngalam kang tumut
sang raja Johan Firman,
kantun jawi lan raja Kunawar Kuljum,
Sapraptanira jro pura
Adipati Guritwesi.

7. Gupuh nggennya tumut nyundhang,
mele-mele Nusirwan ngandika ris,
"Kulup katiwasan ingsun,
lulurah koki ilang,
Si Trebebes anjenang mara tuwamu,
Lah ta iki tingalana,
utamanggane si Patih."

8. Sang Adipati anulya,
amariksa sirahe Kyama Patih,
pinendhet sirahe matur,
"Punika wonten layang."
"Layang apa, lah age wacanen kulup!"
winaca tembunging surat,
raja Salsal angangsuli.

9. Sang Prabu ing Kala Kodrat,
dhateng Bestak pepatih ing Medayin.
Wiyose sira sung pemut,
lamun nagaraningwang,
Kala Kodrat punika arsa pinukul,
maring prajurit Kuparman,
Kula ndika ken dhingini!

10. Malah kang arsa dinuta,
Nggecak Kala Kodrat inggih kang rayi,
anama Prabu Semakun,
ingkang mangka manggala,
binektanan ratu andel kalih ewu
dene ta pemut andika,
kula sampun anuruti.

11. Nonjok srat marang Kuparman,
dimen galak wong Kuparman ningali!"
Mung punika ungelipun
Ngungun Prabu Nusirwan,
"Kulup iku tan ana muni wakingsun?"
Ature tan mungel ingwang,
amung Ki Patih pribadi."

12. Sigra angadeg Nusirwan,
nyandhak sirahira Bestak binanting,
ing bata jobin maledug,
utegira sumirat,
tinututan ing palu anggalepung,
banjur dipun picis pisan,
lembut awor bata putih.

13. "Si Dodohun aduh biyang,
mati ndadak nggegawa ucap kari,
Kulup iki apuramu.
Pan nora muni ring wang,
mung karepe si binatang adu-adu,
sapa baya kang memurak,
sukur ingsun angamini!

14. Nanging enege kalintang,
sirah mumet ulegen sanget jembriki."
Sang Nata mutah rempelu,
rebah angathang-athang.
Umar Maya berbisik sarwi anuduh,
ing Prabu Tasangsul Ngalam,

narpati ing Burudangin.

15. Medal anyepeng Bahtiyar,
prapteng jawi narpati Burudangin,
Baktiyar ngandikan rawuh,
cinekel wus den banda,
sinungaken rumeksaa sira Prabu,
ing Tasmiten Johan Firman,
sigra manjing pura malih.

16. Sang Prabu Tasangsul Ngalam,
manjing pura Dipati Guritwesi,
"Lah ta paran yayi prabu,
kacekel si Baktiyar?"
"Inggih sampun dangu kawula wiyungyung,
Yayi Tasmiten punika,
kula ken rumeksa inggih."

17. Sri Nusirwan lajeng gerah,
putra kalih sanget kalenger sami,
tuwin ingkang para ratu,
ingkang sami amangan,
ing daginge Patih Bestak dadi racun,
babalung kang awor jenang,
wus prasasat darubesi.

18. Ing jaba kang jenang para,
nganggo wau balunge Kyana Patih,
ting garemet awakipun,
rumab yan suwe panas,
ting galereng para ratu pitung puluh,
bupati kang salawe prah,
samya den gotongi mulih.

19. Gorokane nganti serak,
ting carekik tan kena den tambani,
kabeh sedhihe kalangkung,
cekak watuk tan bisa,

sami nedhas miwah jroning wetengipun,
mulese kadi tinampar,
senep nora bisa ngising.

20. Muntir kadi kinorokan,
lir jinara ing undur-undur wesi,
mondhok kadi sambang undhuk,
marongkol usus gimbal,
lir kineret bebalung prapta ing sungsum,
ngolang-ngaling gelasahan,
tan ana mari ing jampi.

21. Sakit sangsaya angrebda,
lami-lami kuru pating salenggring,
gumigil angangruk-anggruk,
watuk riyak tan medal,
mempis-mempis wus kathah kang sami lampus,
ratu miwah pra dipatya,
ingkang mangan jenang putih.

22. Tuwin Sang Prabu Nusirwan,
langkung sanget Dipati Guritwesi,
kang angadhep Betaljemur,
prameswari ngandika,
"Kulup Umar Maya, lah paran budimu?
apa ora atur uninga,
marang Kuparman nagari.

23. Lamun wong tuwane gerah,
luwih banget nanging sira pribadi,
rikating laku nakingsun,"
Umar Maya tur sembah,
"Putra tuwan pun adhi Prabu Semakun,
wingi utusane prapta,
saged angambah wiyati.

24. Nanging lampahing utusan,
putra tuwan dhateng kula pribadi,

pun Jedhi kang saged mabur,
kinarya meng-amengan,
dhateng putra tuwan pun adhi Semakun,"
Prameswari angandika,
"Iku irasen prayogi.

25. Witning yen sira tilara,
repot sapa ngadhep siyang latri,
kang prigel kaya sireku,
angadhep wong alara?
Dene ingsun iki karubuhan gunung,
arinira karo padha,
lara nanging sapireki.

26. Wong anom pan maksih kuwat,
yen sinandhang wong tuwa lara iki,
bangete tikel sapuluh.
Hiya nuli metua,
gawekena layang kulup duta iku,
bebukane saking ingwang."
Marmaya wotsari mijil.

27. Prapta pakuwone panggya,
sira Patih Jedhi wus den bisiski,
telas ing pitungkasipun,
mesat napak nggegana,
tinon lamat-lamat aneng mega biru,
prawira margeng gagana,
Ing marga datan winarni.

28. Prapta nagari Kuparman,
lajeng manjing nenggih kuthanireki,
gustine Prabu Semakun,
angaturaken surat,
tinupiksa kang surat bebukanipun,
lajeng utusan ngaturna,
kang serat saking Medayin.

29. Mring kang raka Parangteja,

lajeng katur serat maring jro puri,
kadriya nimbali gupuh,
Wong Agung Parangteja,
sareng lawan manjinge Prabu Semakun,
prapta byantara ngandika,
Wong Agung Surayengbumi.

30. "Yayi Prabu adangdana,
putranira kabeh gawanen dhingin,
yen gerahe sangsaya sru,
sirenggal utusana!"
Tur sandika wedale Prabu Semakun,
sagung narpati-tanaya,
kang dereng wonten Medayin.

31. Apan ing kono nalika,
ingkang nuju aneng nagri Medayin,
Hasim Katamsi puniku,
Prabu Aris Munandar,
kang dhinerek Dipati Tasikwajeku,
lan raja Tasangsul Ngalam,
sang Johan Firman narpati.

32. Kang dereng nuju lampahnya,
kering sareng kang paman sri bupati,
budhale Prabu Semakun,
saking nagri Kuparman,
lelancaran lampahira siyang dalu,
ing marga tan winursita,
prapteng Medayin pra manis.

12. PRABU NUSIRWAN SEDA, KAGENTOSAN PUTRA

DHANDHANGGULA

1. Sami lajeng manjing ing jro puri,
nanging Sang Prabu gerahe sayah,
kang ahlul kojah nguni weh,
meningi kalih dalu,
praptanira kang putra nenggih,
kalawan para wayah,
nenggih sedanipun;
gumer tangis sanegara,
sajro pura geng-alit kawelas asih,
sasedane kang rama.

2. Putra kalih saras denya sakit,
Hirman Hurmus amung para nata,
tigang dasa mati kabeh,
bupati amung kantun,
gangsal ingkang boten ngemasi,
kang pejah pan sangalas,
wau kang winuwus,
layon sampun binarsihan,
sinarekken ing wana Basarah nenggih,
aneng Jabal Mahola.

3. Patih Jedhi wus tinulak aglis,
ing Kuparman lampahira prapta,
katur kang rama sedane.
meningi kalih dalu,
para wayah prapteng Medayin,
sagung kang para garwa,
Kuparman gumuruh,
Wong Agung rencem ing driya,
ing sedane kang rama nora nungkuli,
mangkana aturira,

4. Retna Marpinjun anggendholi,
mring kang raka miarsa pawarta,
kang rayi Hurmus nepsune,
praptaa kakangipun,
yekti njaluk dadi narpati,
pinaro lan si Hirman,
ing panedhanipun,
Temah Wong Agung kewedan,
marma sanget Marpinjun aturireki,
"Putusana kewala.

5. Ngadegena Si Hirman narpati,
sumiliha nata binathara,
jer kang lanang tuwa dhewe,
ana dene si Hurmus,
den adegna liya nagari."
kang rayi kalihira,
kabeh para maru,
manut Marpinjun sadaya,
ing ature Wong Agung sigra nimbali,
sagung kang para nata.

6. Sami ngungun pinaringan warti,
datan karasa alaning kuna,
amung karasa ing mangke,
pan kala purwanipun,
mring gustine ginawe becik,
wit weruh pasamuan,
Menak Jayengsatru,
saking kang rama Nusirwan,
piawone tinetepaken muwuhi,
bala lan kaluhuran.

7. Ting salenggruk kang para narpati,
sami adus luh wus dangu tata,
nulya ndadekken pikire,
denya ngadegken ratu,

utusan lan tindak pribadi
umatur para nata,
sami penedipun,
nanging asemu utusan,
tetep luhur lawan wonten songga-runggi,
anulak ing pamothah.

8. Dadya dhawuh kang rayi tinudhing,
sira wong Agung ing Parangteja,
kapraboning prang lampahe,
ambekta kalih ewu,
para ratu ngajeng lan wingking,
ambekta palangkan mas,
kang asuku satus,
winarneng sagung sosotya,
pinaringken kang badhe madeg narpati,
sira Rahaden Hirman.

9. Lawan wijohan mas palowani,
kang pinaringan Hurmus punika,
kang badhe ingadegake,
ratu liyan praja gung,
ing nagari Wu-awu Langit,
nanging akukuthaa,
tunggil ing Medayun,
tetep anyenapatia,
mangka isening wijohan palowani,
manggala para nata.

10. Rajeng Yunan Selan lan Kohkarib,
ing Yujana Rum Santari Kebar,
Turki Ngabesi wus dene,
kabeh ratu gegedhug,
samya ngiring kang mangka wakil,
asongsong tunggul naga,
nitih Askardiyu,
Wong Agung ing Parangteja,

amakutha hermiya kang binuka sri,
abra ing nawa retna.

11. Bedhol saking Kuparman nagari,
sagung gegaman kang para nata,
Sura Tistaham cucuke,
kapethuk surat rawuh,
ingkang saking nagri Medayin,
Patih Jedhi kang mbekta,
nulak wangsul-wangsul,
kendel ndhedhep jawi kitha,
para ratu angantos surat kang prapti,
kang aisi wasiyat.

12. Duk sangete Prabu Nyakrawati,
anunurat kang isi wasiyat,
mring putra kang sepuh dhewe,
Wong Agung Jayengpupuh,
pinasrahan kang kari-kari,
Hirman den adegena,
mengku ing Medayun,
apepatiha Bahtiyar,
Hirman sira adegena Nyakrawati,
ewa mangkono hiya.

13. Mangsa bodhoa sira ing wuri,
anakingsun pan ingkang atuwa,
katempuh kabeh-kabehe,
Hiya satilaringsun,
pan mung sira tuwa pribadi,
sapa kang mangkelanga,
ing tuduhireki,
yekti tan nemu raharja!"
Duk miarsa Wong Agung Surayengbumi,
ngungun sinungken nulya.

14. Mring Wong Agung Parangteja aglis,

lajeng budhale ingkang kantosan,
dene para ratu-ratu kabeh,
neng jawi kitha kumpul,
rajeng Selan nateng Kohkarib,
nateng Yunan Yujana,
Kebar sinung weruh,
wasiyatira Nusirwan,
dyan tengara sareng budhale para ji,
lir wutahing samodra.

15. Gumaludhug reh kagiri-giri,
kadi guntur parbata sayuta,
kendhang gong ewon swarane,
ewon saruninipun,
leksan beri gurnang thongthong grit,
lamine lampahira,
marga tan winuwus,
Horeg Medayin miarsa,
prapta wakil Wong Agung Surayengbumi,
ubegan sami mapag.

16. Nateng Gumiwang lan Burudangin,
angriyini dene para putra,
lan Raden Hirman sarenge,
ing jawi kitha tundhuk,
ingaturan laju nulya glis,
sapraptaning jro pura,
sinaosan sampun,
makuwon neng siti bentar,
Harya Maktal wus panggih lan prameswari,
ngaturaken prabeya.

17. Saking kang putra Surayengbumi,
cacah gegawan pan sewu onta,
obar-abir ing mumule,
lawan rasaning laku,
ingkang karsa Sang Jayengmurti,

Prameswari jinarwan,
sukane kalangkung,
lestari sami lan karsa,
lan wasiyat welinge kang sampun lalis,
Mangkana Wong Kuparman.

18. Ingkang para ratu angenggeni,
sagung wismane kang pra dipatya,
ing dina Soma undhange,
kumpul kang para ratu,
hulubalang kang pra dipati,
aglar neng panangkilan
kang sowan supenuh,
Hirman aneng panangkilan,
upacara karaton aneng jro puri,
kasrah ing Harya Maktal.

19. Sampun ndhedheg aneng ing sitinggil.
miwah pawongan ingkang pangayap,
angiring Maktal tedhake,
saking ing siti luhur,
sasat Prabu Anyakrawati,
duk mijil siniwaka,
sa-upacara gung,
Sapraptaning panangkilan,
anglenggahi ingkang singangsana rukmi,
sarya sru undhang-undhang.

20. "Heh sagunge kang para narpati,
wong Medayin kang para punggawa,
sapa kang ana budine,
arsa umadeg ratu,
miwah ingkang mangkelang batin,
murina ora rena,
ing pratikelingsun,
ing samengko tekakena,
aprang tandhing lan ingsun padha sawiji,

pasamuwan kinembar.

21. Lamun bisa nyempal kanan kering,
marang baune si Parangteja,
pasthi yen tutug karsane,
lamun tan bisa mutung,
astaningsun karo puniki,
aywa na duwe karsa,
nora mbangun turut.
Aja ta meneng kewala,
sumaura sentana para narpati,
yen wani prang metua!"

22. Sami ndhingkul kang para narpati,
para santana para prawira,
sadaya "Nuwun" ature,
"Tan wonten ingkang purun,
anadhahi tuwan ing jurit."
Wong Agung Parangteja,
"Pangandikaningsun,
Uwis ta lamun mangkana,
nora nana nulak ing gurdaka mami,
nir ngasmara dilaga.

23. Piarsakna kabeh wong Medayin,
ingsun nglestarekken kang wasiyat,
ingkang wus swargi welinge,
rempeg lan karsanipun,
ya Wong Agung Surayengbumi,
Kang rayi Raden Hirman,
ingadegken ratu,
nyakrawati binathara,
kinen mengku kabeh karaton Medayin,
Maha Bathara Hirman.

24. Dene ingkang rayi Hirmus nenggih,
pinaring Ngawu Lan,it nagara,
ratu tridasa kumpule,

kabawah Raden Hurmus,
umadega Sri Narapati,
nanging kadhatonira,
nunggil ing Medayun,
ratu isining Wijohan,
palowanu raja Hurmus senapati,
manggala para nata."

25. Dyan ingawe Raden Hirman prapti,
sigra nyelak astane cinandhak,
pan sampun linenggahake,
ing padmasana murub,
Harya Maktal sigra gumanti,
lenggah ing wijohan mas,
kang apalowanu
sarya sru denira undhang,
"Ngestrenana ngestokena wong Medayin,
yen Hirman madeg nata.

26. Saur peksi kabeh wong Medayin,
Ki Baktiyar bandan linuwaran,
prapta wus aneng ngarsane,
wong Parangteja muwus,
"Heh Sang Prabu Hanyakrawati,
punika Patih dika,"
Prabu Hirman ndheku.
sigra ngadeg maca plakat,
wau sira Adipati Guritwesi,
Betaljemur andonga.

27. Prapta tigasan saking jro puri,
bawahane kang dadi narendra,
anggili akeh warnane,
sinjang-sinjang tinumpuk,
kang talam mas binebas sami,
marang kang para nata,
talam suwaseku,

marang sagung para dipatya,
kang salaka sadaya mring para mantri,
marang wong cilik wastra.

28. Wus waradin sagung ingkang nangkil,
lajeng bojana kang para nata.
taluki bang lawan jene,
taluki jo lan wungu,
ingkang perem lamak abukti,
gelas kancana samya,
pinatik retna gung,
larih mider atimbalan,
wanti-wanti Hirman anglarih pribadi,
marang Wong Parangteja.

29. Rame Marmaya angeluconi,
"Ing mangsa iki hiya pangrasa,
ora bisa rengat maneh,
wus amor balung sungsum,
dene bestak wus angemasi."
nutug suka sadaya,
sagung para ratu,
ing dalu samya luwaran,
Harya Maktal kang taksih aneng sitinggil,
Hirman manjing jro pura.

30. Para ratu amakuwon sami,
ya ta lamine sampun sawulan,
ing patang puluh diname
amit Hirman umatur,
"Inggih kakang tuwan rumiyin,
kundur dhateng Kuparman,
kakang inggih amung,
putra paduka sadaya,
tuwan tilar sareng lan kawula benjing,
sowan dhateng Kuɾ ırman."

31. Budhal enjing saking ing Medayin,

raja Hirman ngater jawi kitha,
Wong Parangteja angkate,
sagung kang para ratu,
sami manggih suka tan sipi,
sampun ungkur-ungkuran.
Hirman wangsulipun,
lepas wau kang lumampah,
Prabu Hirman undhang adangdan sumiwi,
nggambuh mring Kuparman.

13. PRABU HIRMAN SOWAN DHATENG KUPARMAN

GAMBUH

1. Wuwusen konduripun,
Wong Parengteja lan para ratu,
tan kawarna lamine denya lumaris,
nagri Kuparman wus rawuh,
sakathahing para katong.

2. Lajeng ngandikan sampun,
sami angujung neng padanipun,
angandika Wong Agung Surayengbumi,
"Den tata sami alungguh,
yayi mas paran ing wartos."

3. Gya Maktal nembah matur,
katur sadaya sasolahipun,
amiwiti malah telas amekasi,
miarsa suka Wong Agung,
miwah ture para katong.

4. Kalawan aturipun,
sira kang rayi Prabu Semakun,
lan ature Adipati Guritwesi,
weh suka sadayanipun,
tan ana kang walang atos.

5. Para garwa angrungu,
lestarinira kang para ratu,
amung para putra dereng wonten prapti,
badhe sareng lampahipun,
lan paman Medayin Katong.

6. Putus ingkang winuwus,
wusnya dhadharan sadaya metu,
kundur marang kadhatonira pra sami,
gumuruh kang baris agung,

wong cilik kabeh makuwon.

7. Kuneng antaranipun,
Wong Parangteja ing Praptanipun,
lan ing mangke raja Hirman ing Medayin,
tigang wulan longkangipun,
praptane Hirman Sang Katong.

8. Praptane kang amethuk,
sagung ingkang para raja sunu,
jawi kitha apan Wong Agung pribadi,
kang rayi sampun kacundhuk,
neng pada Hirman anglosod.

9. Angrangkul suku muwun,
tinarik-tarik meksa amuwun,
angandika Wong Agung Surayengbumi,
"Kabeh ta anak-anakmu,
apa bareng yayi katong?"

10. Wungu wotsari matur,
sang raja Hirman "Inggih pukulun,
kang kekalih ingandheg kang eyang sami,
sarimbit kang maksih kantun,
ing benjing sareng kemawon.

11. Kalawan eyangipun,
benjing saantuk kawula pukulun,
saking ngriki pan ibu paduka inggih,
mariki anuwun pethuk,
milane kang wayah karo.

12. Anak: Ismayasunu,
Pangeran Kelan lan arinipun,
ingkang panggih anyar jeng ibu wus panggih,
Katamsi martuwanipun,
ing Ngabar Kustup Sang Ktong.

13. Myang besan canggahipun,

Arismunandar martuwanipun,
narapati Johan Pirman sampun panggih,
aumng Syahsiar pukulun,
besan wus lami dereng wroh."

14. Sru gumejeng Wong Agung,
"Iku bedane priyayi sepuh,
saking titi yekti besan yun udani,
beda sira lawan ingsun,
cul payu tan walang atos,"

15. Kang rayi nembah matur,
"Inggih kawula sampun angutus,
sami ratu ingkang kula ken ngaturi,
manawi wonten wratipun,
inggih pun Syahsiar katong."

16. "Sukur yayi yen uwus,
sira utusan." Kang raji matur,
"inggih sampun pun mahraja Bunandari,
ing Kusriyan kuthanipun,
kintun amba seket gotong.

17. Yen katuran pukulun,
inggih lajenga dhateng Medayun,
sampun taha lajenga manjing jro puri,
Dumeh yen kawula suwung,
sampun ngangge walang atos.

18. Ingkang nimbali ibu,
telas wewenang amba pukulun."
Ya ta wau kang raka nitih turanggi,
kang rayi ingatag sampun,
tengara kang wadya bodhol.

19. Celak turangganipun,
kadya ginandheng turangganipun,
Prabu Hirman upacarane kineri,
kang raka aneng ing ngayun,

upacarane kinaot.

20. Datan kawarneng ngenu,
lajeng lampahe prapteng kedhatun,
apan lajeng binekta manjing jro puri,
kang para garwa amethuk,
sadaya munggeng pasadon.

21. Sinembah sadaya wus,
para garwane kang raka sampun,
sami lenggah putra kabeh den timbali,
Kerid ing Prabu Semakun,
prapteng pura nembah sinom.

14. PRABU SYAHSIAR SOWAN PRAMESWARI MEDAYIN

SINOM

1. Wong Agung ing Parangteja,
Adipati Guritwesi,
Lamdahur lan Umar Madya,
lan narpati Burudangin,
Sang Prabu ing Yunani,
Yujana Kebar lan Kuljum,
kang sami tinimbalan,
Ngabesi Santari Turki,
ingandikan ratu wadana pangarsa.

2. Brikahar samya ngandikan,
lan sang raja Prenjuk Prenggi,
tuwin Prabu Johan Pirman,
sagung ratu besan sami,
Kusniya Malebari,
Sang maha pandhita nuju,
aneng nagri Kuparman,
sami ngandikan jro puri,
sami nginum dhadharan ing jro lan jaba.

3. Gumuruh swaraning senggak,
larih mider wanti-wanti,
tutug kang sami bujana,
cinatur kawan dasa ri,
Sang Prabu ing Medayin,
aneng Kuparman pan agung,
sinugata kasukan,
tan pegat ing siyang latri,
langkung suka rukune nagri raharja.

4. Tan ana kang sinantaha,
meneng sagunging pakatri,
tan pae mamangun suka,

mangkana Hirman neng puri,
agung tiniti werdi,
marang kang raka Marpinjun,
"Yayi Prabu ngrasaa,
gegentine rama aji,
kadangira tuwa mung Sultan Kuparman.

5. Den pasthi anggepen yayah,
kalawan yayi den ajrih,
kaprawiraning ayuda,
sira maning duwe budi,
sadyan jeng rama swargi,
duk apa nemu rahayu,
iku gawenen tekad,
dadi mantep wedi bekti,
nora kena bineka ngatur-aturan.

6. Yen Swargi hiya mungsuha,
lawan wong liya sayekti,
lebur datanpa kukupan,
sirna nagari Medayin,
katuju mungsuh siwi,
ingapura maklum agung."
kang rayi matur nembah,
"Kangbok sampun pindho kardi,
kadi emut yen menggah godha rencana."

7. Nambungi alon lingira,
raja putri Parangakik,
"Yayi Prabu poma-poma,
pituture kangmbok iki,
yen kanggo sa-ta eling,
sayekti tulus rahayu,
yen lali sira nyimpang,
mangsa nggagapa basuki,
den prayitna emanen negaranira.

8. Pan sira katempuh tuwa,

sutanira kabeh sami,
pangidhepane pan sira,
jer sira tuwa pribadi,
gantining bapa pasthi,
lan ari Prabu Semakun."
raja Hirman tur sembah,
ing Dewi Sudarawreti,
"Kangbok mugi ntuka pangestu paduka."

9. Bubare ingkang bujana,
cinatur ing tigang ari,
andina aneng jro pura,
Marpinjun amitututuri,
sang raja putri kekalih,
ingkang atumut pitutur,
Prangakik Karsinah,
abikut Prabu Medayin,
ngiwa nengen nauri sarwi tur sembah.

10. Sampun jangkep kalih Wulan,
aneng Kuparman nagari,
pamite sampun kalilan,
ing raka Surayengbumi,
kundur nateng Medayin,
sinarengan ingkang methuk,
agung par atmajendra,
methuk nyai Prameswari,
pangarsane rajeng Kaos Ibnu Ngumar.

11. Putrane Wong Parangteja,
Ibnu Jara Banu Mesir,
Mardanus putra ing Yunan,
putra ing Kangkan Dikwanis,
raja putra Ngabesi,
Raden Kodrat Samadikun,
Kahar Kusmen Yujana,
Umar Jaman ing Kohkarib,

raja putra ing Kebar Raden Suptandar,

12. Ing' Turki Samardikaran,
Raden Kiswarin Diswarin,
atmaja Iskal Iskalan,
Warindiya putra Bangid,
sareng budhalireki,
lan Hirman Prabu Medayun,
lir giri puspita bra,
gagaman para putra sri,
kuneng wau kang lagya lumakyeng marga.

13. Sang Rajeng Surukan prapta,
Syahsyiar negri Medayin,
makuwon wismeng Baktiyar,
linajengaken kang weling,
Prabu Hirman yen prati,
Prabu Syahsiyar puniku,
kinen lajeng sebaa,
marang Nyai Prameswari,
Kyana Patih Baktiyar ingkang ambekta.

14. Marang Pangeran ing Kelan,
kang makuwon ing sitinggil,
kang rayi neng Pagelaran
Rahaden Hasyim Kuwari.
Patih Bahtiyar panggih,
lan Pangran Imsayasunu,
mbekta rajeng Surukan,
martuwa Hasim Kuwari,
matur nembah sira ki Patih Baktiyar.

15. "Angger punika pun raja,
Syahsyiar kang lagya prati,
paduka bekta mring pura,
eyang tuwan kang nimbali,
sampun sah kang weweling,
rama paduka pukulun,

Lamun Syahsiyar prapta,
lajenga sowan mring puri,
kang pitungkas jeng rama paduka Hirman.

16. Mangke kawula sumangga,
ing karsa paduka gusti,
sebakna eyang paduka,
ing Jeng Nyai Prameswari,
kula mung angrukteni,
inggih pasugatanipun,"
Angling Pangeran Kelan,
"Hiya paman aja watir."
Sigra mudhun Baktiyar mring panangkilan.

17. Binekta manjing jro pura,
mring Pangeran Kaelani,
Wau Sang Raja Syahsiyar,
lan mantu Hasim Kuwari,
panggih lan prameswari,
langkun sukane andulu,
maring rajeng Surukan,
dene teka anyantreni,
pasemone pantes ratu pinandhita.

18. Apan ta binesan-besan,
maring Nyai Prameswari,
sira sang Prabu Syahsiyar,
akathah den peparingi,
langkung denira ajrih,
dene pepundhen rahayu,
kapeca ing jro surat,
pawestri luwih utami,
manjing Islam atilar kapiring raka.

19. Wus lega rasaning driya,
Nyai Ageng Prameswari,
besane kabeh kawruhan,

Syahsiyar gung den timbali,
sowan marang jro puri,
katiga neng ngarsanipun,
kang wayah kalih pisan,
Kelan lan Hasim Kuwari,
katigane sira sang Prabu Syahsiyar.

20. Prameswari angandika,
"Heh ki besan anak mami,
Sireku luwih nugraha,
kawijilanira dhingin,
anaking randha miskin,
pakarjanmu angon wedhus,
mangke kinarya raja
mring sutengong Jayengmurti,
singgahana tyas harda lan siya-siya.

21. Yen sira katempelana,
tyasira duk angon kambing,
sayekti akarya tiwas,
marang kang karya narpati,
weh dudu wahyu yekti,
dadi sira gawe tuduh,
dudu wahyu kang nyata,
apan Sang Surayengbumi,
kotos-kotos wahyu geng kaliwat nyata.

22. Pratandha tulus akarya,
wong ala ginawe becik,
becik sabanjure pisan,
edan winarasken sami,
aweh benering sisip,
lestari barang karyeku,
tan kena kaluputan,
pan ratu atining bumi,
yen ngrungsanga sarang jagatira rengka.

23. Aja eling pisan-pisan,

pakolih duk angon kambing,
ndho-ceng panariking harja,
gedhe tinarik ing cilik,
akeh tinarik kedhik,
medhotaken tamparipun,
ora tan kapadhaban,
iku sira arep eling,
yen lalia ki besan agawe rengka.

24. Sira gawa bala pira,
ki besan prapteng Medayin?"
Prabu Syahsiyar tur sembah,
"Pukulun mung gangsal kethi,
satus kang pra dipati,
mantri amung kalih ewu,
Inggih pepatih amba,
pun Minardan tengga puri,
tigang kethi siyang dula tengga pura."

25. "Wus nora kuwatir wuntat,
Ki Besan sira puniki,
yen mangkana ingsun gawa,
marang Kuparman nagari,
aterna awak mami,
sutamu lawan putumu!"
Syahsiyar matur nembah,
"Langkung saking amarengi,
karsa tuwan kalayan niyat kawula.

26. Kawula pan arsa sowan,
ing putranta jeng-ira Mir,
mangke kadhawahan sabda,
andherek jeng Prameswari,
nugraha kang netesi,
sareng si amba pukulun."
Kuneng ta kang winarsa,
misuwur wong sa-nagari,
yen praptane kang saking nagri Kuparman.

27. Katur yen sarenge prapta,
kang methuk ing Prameswari,
wonten bala pitung yuta,
ingkang para raja siwi,
Wau praptanireki,
Hirman Sang Prabu Medayun,
lajeng manjing jro pura,
lan ibu sampun apanggih,
katur solah pratingkah saking Kuparman.

28. Antara samadya candra,
budhalira Prameswari,
marang nagari Kuparman,
raja Hurmus kang tut wuri,
rajeng Wu-awu Langit,
akathah punggawanipun,
mbekta bala sayuta,
ingkang saking ing Medayin,
kang amethuk wong Kuparman pitung yuta.

29. Ing mangsa iku tan ana,
pedhote bala lumaris,
mring Medayin mring Kuparman,
andina-dina anggili,
margeng samya limit,
tan ana suket kang thukul,
pan kadya den rempelas,
kiyamat marecet teki,
langkung harja eca pirang-pirang praja.

30. Wau ta kang kawarnaa,
ing lalakon kawan ari,
keh para ratu kang mapag,
andina-dina kang prapti,
kantun lakon sahari,

pamethukira Wong Agung,
lawan kang para raja,
para putra jalu estri,
sampun prapta Prameswari ing Kuparman.

31. Amanggih sewu kamulyan,
rinengga sukaning galih,
tinut ing sakarsa-karsa,
para wayah angladosi,
raja Hurmus sireku,
kawan wulan laminipun,
aneng nagri Kuparman,
tuwuk sakarsanireki,
sampun pamit mantuk Medayin nagara.

32. Ya ta ing alama-lama,
Wong Agung Surayengbumi
andadi prakosanira,
ing jagat datanpa tandhing,
amung pojoking langit,
lor kulon kang dereng nungkul,
Wonten tanah awiyar,
Jaminambar keh prajeki,
tanah Rokam kalawan ing kala Kodrat,

33. Wonten praja namanira,
Tanah Ngindi ing Rokammi,
amindha namaning praja,
lawan Rokam ageng nenggih,
ratune padha nami,
sami Gulangge ranipun,
Rokam Ngindi punika,
ratune sampun angabdi,
mring Wong Agung Kalana Surayengjagat.

34. Anungkul sengseming warta,
nora kalawan ajurit,

kalane Wong Agung arsa,
nggecak nagari Biraji,
amethuk aneng margi,
Gulangge panungkulipun,
Rokam ageng punika,
ya Gulangge ratuneki,
nanging hiya Rokam tanah Jaminambar.

35. Lan pojok langit lor wetan,
lawan kidul wetan sami,
punika kang dereng kambah,
Maguwa tanah Taniti,
Sambawa Banjarmasin,
punika saurutipun,
lan sakidul sagara,
kabeh tanah ing Ngabesi,
Wates langit kulon miwah langit wetan.

36. Sanadyan Sultan Iskandar,
kapeca ratuning bumi,
tur nduweni paparengan,
ing masrik lawan ing magrip,
parandene tan kongsi,
Tanah Ngabesi pan agung,
liya sakidul Ngarab,
tanah Ngabesi pan mirib,
lawan Ngarab kang ageng nora kacahak.

37. Mungguh kang ahli hikayat,
nadyan dhingin para nabi,
Sarengat Nuh Musa Ngisa,
miwah sarengat Ibrahim
durung nggepok Ngabesi,
sinengker ing Hyang Suksma,
kabeh sakidul jaladri,
agamane pan maksih agama Adam.

38. Benjing wong Ngabesi nyabrang,

MILIK PERPUSTAKAAN DIREKTORAT TRADISI DITJEN NBSF DEPBUDPAR

yen lair andika Nabi,
ngrisak Madinah benjing,
wong kidul sagara mukul.
Sedane Amir Hambyah,
raja Lakad ing Ngabesi,
yen wus masuk ing agama kang wekasan.

39. Punika kang ahlul kojah,
wenang bayanaken rawi,
Kuparman lan Medayin,
punika kang dadi dhapur,
lami oleh wibawa,
kendel lami tan ajurit,
Cinarita sajroning nata sarkara.

15. PATIH BAKTIYAR MATUR NGAMANDAKA DHATENG PRABU HIRMAN

DHANDHANGGULA

1. Cinarita Menak Jayengmurti,
salamine kekutha Kuparman,
wus kaping tiga lampahe,
maring Mekah angujung,
rama ibu lan angabekti,
aneng sajroning Kakbah,
lawan amemangun,
astananira Muninggar,
lajeng maring Basarah amangun malih,
ing astana Nusirwan.

2. Lamun Wong Agung Surayengbumi
maring Mekah pan balabur dinar,
binagi sapraja kabeh,
tuwin kang para artu,
pan sadaya sami ngurmati,
ingkang ajaga Kakbah,
mangkana winuwus,
Wong Agung aneng Kuparman,
Duk sineba wonten serat tonjok prapti,
saking ing Kala Kodrat.

3. Raja Salsal kang nekani tulis,
tunggul penantang ika tembungaya
"Heh Wong Agung Kuparmane,
yen ta sira satuhu,
Kakungingrat apa nekani,
apa ingsun kang teka,
amukul prajamu?
Hiya sun mungsuhira prang."
wus tinulak caraka sira jeng Amir,
"Benjang yen sami harja.

4. Sayektine ingsun kang nekani,
marang nagara ing Kala Kodrat."
pan mangkana wangsulane,
"Nanging antinen besuk,
sedheng sira dandan kutheki,
ngelar lelarenira,
muwuhi jronipun,
balowarti rangkepana,
agawea Salsal kapurancang wesi,
ingsun tan wande prapta."

5. Nulya pamit dutaning narpati,
Kala Kodrat sira raja Salsal,
eram umiyat prajane,
Kuparman luwih agung,
tan ana ingkang animbangi,
kehe kang para raja,
yayah kadi teduh,
ngendhanu ing ngantariksa,
tanpa wilis prajurit kang pra dipati,
punggawa myang satriya.

6. Tan winarna laminireng margi,
duta nata Kala Kodrat prapta,
katur sasolah lakune,
miwah gunging wadyeku,
para ratu sami linuwih,
ratu geng-ageng samya,
ratu bala ratu,
kadya wutahing samodra,
gunging bala prajurit datanpa wilis,
amung nagri Kuparman.

7. Taun terang ing ngajeng punika,
dhatengipun prajurit Kuparman,
anindaki Wong Agunge,
tan keni tuwan mungsuh,

yen makaten inggih pawarti,
prawiraning ayuda,
kabeh para ratu,
aprang lembut aprang kasab,
sami saged wadya Kuparman gung-alit,
keh ratu mandra guna.

8. Raja Salsal wau duk miarsi,
marang ature carakanira,
melang ing jro wardayane,
nimbali patihipun,
Patih Kalkal badhe tinuding,
tur uninga mring Rokam,
nggening ratu agung,
gagah prakosa ing yuda,
sira Prabu Gulangge prakoseng jurit,
sinembah para raja.

9. Rajeng Kala Kodrat ngandika ris,
"Patih Kalkal sira turna surat,
marang Sang Prabu Gulangge,
layang saking Medayun,
dhingin ingkang pemut mring mami,
lamun Sultan Kuparman,
hiya arsa mukul,
prajeng ngong ing Kala Kodrat,
yen bedhaha lajeng mring Rokam nagari."
Patih Kalkal mit sembah.

10. Kuneng gantya nagareng Medayin,
Patih Baktiyar langkung miguna,
amrih bengganga gustine,
lan kang raka Wong Agung,
tan wus manahira ki patih,
tan antuk nadhah nendra,
prihatin kalangkung,
ketang wewekasing bapa,

yen tan drengki kari suwita lan miskin,
gawan kaponthal-ponthal.

11. Pan wus angleng sumerep ing mangkin,
mila bapane Bestak den jenang,
sesukering bumi gedhe,
rembag Prabu Semakun,
Umar Maya ingkang nandangi,
Prabu Semakun marma,
mring kang rama Prabu,
wus sepuh misih ginawa,
maring sasar gung nemu papa tan mari,
karyane Patih Bestak.

21. Patih Bahtiyar angingu telik,
wong sepuluh anyaleksa dinar,
saben mangsa paringane
liyane bandaripun,
matang leksa dinar wong siji,
jaga wruha jajahan,
ratu kang pinunjul,
lan kang bisa gawe dora,
kang kekalih lurahe nama pun Joprit,
Prenet ingkang satunggal.

13. Den imbara ping satus sahari,
nora menggok denya gawe dora,
Ki Joprit lawan Ki Prenet,
mateng ubayanipun,
denya karya ubaya manis,
pan sami kinecekan,
winisik ing laku,
binekta manjing jro pura,
prapta ing jro pasadon Rekyana Patih,
sigra nguwik barambang.

14. Linebonan netranira kalih,

andarodos luhira kang medal,
lajeng wus prapta ngarsane,
ngandika Sang Aprabu,
"Apa karya prapta anangis?
Baktiyar ana paran?"
Matur senggruk-senggruk,
"Kawula miarsa warta,
inggih boten kadosa wong becik-becik,
gusti sungkem paduka.

15. Paran dene wonten kang drengkeni,
anggep tuwan winastan kumlawar,
maksih miring ing batine,
Dene tuwan tan purun,
tumut kadi para narpati,
damel kitha Kuparman,
Marmaya kang matur,
kalawan rayi paduka,
Sang Aprabu Semakun arembag pikir,
lawan pun Umar Maya.

Lajeng nyandak jilid: II

MILIK KEPUSTAKAAN
DIREKTORAT TRADISI
DITJEN NBSF DEPBUDPAR

MENARI KALA KODRAT 1 — R. Ng. Yasadipura I

PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA